ФИФI ФЫМЫГЪЭЗПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩЫКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№37-38 (21.945-21.946) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, мэрем ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Шэч хуащIу къалъыхъуэхэм я адэ-анэхэм яхуозэ

Республикэм щыIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжыным хуэунэтIа Iуэхухэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен яхуэзащ терроризмым пыщIауэ шэч хуащIу федеральнэ IэнатIэм къыщалъыхъуэхэм я адэ-анэхэм ящыщ гупым.

ЗЭIУЩIЭМкърихьэлIа адэ-анэхэм республикэм щекIуэкIхэмкIэ езыхэми къуаншагъэ ябгъэдэлъу къызэралъытэр, иджыпсту къэхъуа гугъуехьхэр къызэнэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр жаIащ. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, хабзэхъумэ органхэм къекIуэлIэну трагъэгушхуэу, боевикхэр мэзхэм къыщIашыпхъэщ. Абы папщIэ ахэр зэрамыукIынумкIэ, захуагъэ хэлъу суд унафэ зэрытращIыхьынумкIэ шэсыпIэхэр къызэгъэпэщын хуейщ.

«Дэ ди деж зыри къыщыдгъэнэнкъым хэгъэзыхь щымыIэу зыкъэзытхэм я Iуэхур законым тету, жылагъуэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ хэту зэхагъэкIын папщIэ. АтIэми, УФ-м и Уголовно-процессуальнэ кодексымрэ Уголовнэ кодексымрэ халъхьащ къуаншагъэ зылэжьахэм ящыщу следствием дэIэпыкъуэхэм тралъхьэ тезырхэр къэзыгъэтIасхъэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыщIэкIэ, зэхащIыхьахэм хущIегъуэжахэм, адэкIэ хабзэншагъэ зымылэжьыжыну быдэу зи мурадхэм следствиемрэ судымрэ нэхъ щабэу ябгъэдохьэ. Иджыпсту къалъыхъуэхэм яхэту къыщIэкIынщ зэкIэ щIэпхъаджагъэхэр зымылэжьахэр, лъы зымыгъэжахэр», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ зи Iыхьлыхэр боевикхэм яIэщIэкIуэдахэм я гум щыщIэр къазэрыгурыIуапхъэр: ахэр иджыпсту зэщIэплъащи, ялъ ящIэжыну хуежьэнкIэ хъунущ. Ауэ апхуэдэ къэбгъэхъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр лъыгъажэм хэбгъахуэ хъунукъым.

«ЗэпэщIэтыныгъэр къызэднэкIын хуейщ. Дэ къыдгурыIуапхъэщ дызэщIыгъуу икIи къекIуэкI хабзэхэм тету мы щытыкIэ гугъум дыкъимыкIмэ, дызэрыукIыжу щIэддзэнкIэ зэрыхъунур», - жиIащ Президентым.

ЩIэпхъаджащIэхэм я адэ-анэхэр зэхэзехуэн ящIынкIэ, зыдэс жылагъуэхэм къыдахункIэ зэрыхъунум зэрытегузэвыхьым и жэуапу КъБР-м и Iэтащхьэм ахэр къигъэгугъащ сыт хуэдэ зэныкъуэкъуми езыр ищхьэкIэ зэрыхэплъэнумкIэ.

Адэ-анэхэм жаIащ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къагъэсэбэпу бандит Iуэхухэр къагъэнэну икIи зыкъатыну езыхэм я бынхэм, хабзэм къемызэгъыу IэщэкIэ зызэщIэзыуэзэда гупхэм хэт псоми зыхуагъэзэну зэрамурадыр.

Псалъэмакъым и кIэухым Президентым жиIащ мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ иригъэкIуэкIыну, жылагъуэ лIыкIуэхэми яхуэзэну, иджыпсту щыIэ щытыкIэр къызэнэкIынымкIэ Iэмалхэр адэкIи къилъыхъуэну зэримурадыр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Дызэрыт илъэсым мазаем и 19 - 27-хэм Париж щекIуэкIа дунейпсо мэкъумэш выставкэм хэта Урысейм и щIыналъитхум языхэзщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Ди къуршыпсыр ягу ирохь

«ДЭ МУРАД нэхъыщхьэу диIар мы зэхыхьэшхуэм къекIуэлIахэм закъедгъэцIыхунырщ икIи ди мэкъумэшыщIэхэм я зэфIэкIыр дгъэлъэгъуэнырщ», - жиIащ республикэм и лIыкIуэхэм я унафэщIу щыта, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Къаздэхъу Альберт.**

Гъэлъэгъуэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэхэм къызэрабжамкIэ, абы махуэ къэс цIыху мин 600-м щIигъу къекIуэлIащ икIи ди IэфIыкIэхэр, хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэ гъэфIэIуахэр, мыIэрысэр, помидорхэр зыIуагъэхуащ. Псом хуэмыдэу Париж дэсхэм ягу ирихьащ «Налшык» хьэлвэ завод», «Къэббалкъресурс» акционер обществэ зэIухахэм къыщIагъэкI минеральнэ псыр. Франджыр апхуэдэ псыр дуней псом щызыщэхэм ящыщщи, а къэралым и цIыхухэм я гум удыхьэну тыншкъым, итIани Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуршыпсым псори дихьэхащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм хуабжьу гъэщIэгъуэн ящIыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым инновацэ бизнес-проектхэр щызыгъэзащIэ «Форхер», «Лукини» фирмэхэм теплицэхэмрэ пасэу къызыпыкIэ жыг хадэхэмрэ я макету Франджым и къалащхьэм къашахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр еплъащ гъэшымрэ лымрэ къызэралэжь щIыкIэр щагъэлъагъуэ павильоным, абы кърашэлIа шы, мэл, кхъуэ, тхьэкIумэкIыхь лIэужьыгъуэхэм. «Iэщ гъэхъунымкIэ дуней псом щыIэ Iэмал нэхъыфI дыдэхэр мыбы утыку къыщралъхьащ. Ди дежкIэ ар икъукIэ сэбэпщ, сыту жыпIэмэ, мы IэнатIэм зегъэужыныр республикэм къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм хеубыдэ. Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм ущыхэтым деж быдэу уи фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрыр гъуэгу тэмэмым зэрытетыр. Сэ шэч къытесхьэркъым ди мэкъумэшыщIэхэм къалэжь продукцэр дуней псом щыIэхэм фIагъкIэ къазэрыкIэрымыхум, инновацэ гъуэгум тету республикэм и агропромышленнэ комплексым дяпэкIи зэрызиужынум», - къыхигъэщхьэхукIащ министрым.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

ВАСИЛЬЕВ Сергей:

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я сэбэп зыхэлъым хуэлажьэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэ зэфIыдогъэувэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфIэувა щытыкIэр Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щынэхъ гугъухэм ящыщ зыуэ къалъытэ. Мэзкуурэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ къикIа туристищ яукIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр терроры пэщIэтынымкIэ хабзэ щытыкIэр щагъэуващ.

Абы ипкъ иткIэ хабзэхъумэ къарухэм, щIэпхъаджагъэм пэщIэтынымкIэ гугъуехь нэхъыбэр зи пщэ къыдэхуэ милицэм, япэ игъэщыпхъэ я къалэн нэхъыщхьэр КъБР-м и щIыналъэм щыIэ бандэ гупым япэщIэтынырщ, щIалэгъуалэм я деж экстремист гупсысэр адэкIи щыхапщэныр къызэпыудынырщ, ксенофобиер, лъэпкъ, дин зэхэгъэжыр жылагъуэм къызэрыфIэмыIуэхур къызэнэкIынырщ. А Iуэхугъуэхэм теухуащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министр, милицэм и полковник Васильев Сергей дедгъэкIуэкIа псалъэмакъыр.

- Сергей Валентинович, нобэ ди лъахэм щыпсэухэр егъэпIейтей мы упщIэм: КъБР-м и властхэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ республикэр IэщэкIэ зэпэщIэувэным щахъумэфыну?

- СогъэщIагъуэ а щытыкIэр къэзыша щхьэусыгъуэр нобэр къыздэсым зэрызэпкърамыхар. Ар наIуэ къащIащ 2005 гъэм къэхъуахэм. КуэдкIэ нэхъ пасэу къежьат, зызыубгъуат ар. КъызэрыслъытэмкIэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ къулыкъущIапIэ хэхахэмрэ я къарукIэ иджыри 2002 гъэхэм а щытыкIэр «хиругие» бгъэдыхьэкIэкIэ къызэранэкIыфыну щытащ. Нобэ ар къарузехьэхэм я закъуэкIэ зэфIэха мыхъун Iуэхущ.

- Уэ дауэ уеплъырэ, цIыхухэр диным щыгъуазэ щIыным официальнэ дин IэнатIэм сыт хуэдэ увыпIэ щиIыгъ?

- ПщыхьэщIэ Iэнас хуэдэ цIыху пашэ пфIэкIуэдыныр республикэм и дежкIэ пхуэмыгъэзэкIуэжынщ. Иджыпсту дыхуейщ щIалэгъуалэм я деж радикализмыр къыщызэпыудыным, цIыху лъапIэныгъэхэмрэ дин къулеигъэхэмрэ щыгъэбыдэным абы ирихьэлIэу щыта къарум пызыщэфын. ИпэжыпIэкIэ ар гугъуехьышхуэщ, ауэ зэфIэдгъэкIыфмэ, жылагъуэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ щебгъэкIуэкIыфынущ. Нобэ дэ тлъагъур нэхъыбэу зи акъыл зэтемыувахэр къызэрыхутэ мащэщ. Ар дин зэпэщIэувэныгъэм игъэдаIуэ щIалэгъуэлэм я дежкIэ шынагъуэщ. Ахэр зи бийр республикэм и закъуэкъым, атIэ зэрыщыту къэралым пэщIоувэ. Зым и дежкIи щэхукъым Кавказыр лъыгъажэм къиухутэным зи сэбэп хэлъ къэралхэр зэрыщыIэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ДАХ-м и Хасащхьэр мэлажьэ.
Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Лъэпкъым и къэкIуэнум тогузэвыхь

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэхыхьэр мазаем и 19-м Налшык щекIуэкIащ. Гупым и нэхъыбэр крихьэлIэу екIуэкIа зэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэр зыбжанэ хъурт. Нэхъыщхьэу къыхагъэщхьэхукIам, псалъэмакъ нэхъыбэ зращIэкIам щыщт адыгэбзэр хэкурысхэми хэхэсхэми я деж щыхъумэнымрэ егъэджынымрэ, хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къешэлIэжынымкIэ Iуэхухэр зэрыкIуатэр, зыуэ щыт лъэпкъыцIэ къэщтэным теухуар.

ЯПЭ упщIэмкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ ДАХ-м и япэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**

- Адыгэр дунейм нэхъ лъэпкъыжь дыдэу тетхэм ящыщщ, илъэс миних гъуэгуанэ къикIуащ, а лъэхъэнэм къриубыдэуи ди бзэр иджы хуэдэу тIасхъэ къэхъуакъым, - жиIащ ХьэфIыцIэм. - Нобэ дызэрыт щытыкIэм тепщIыхьмэ, ди анэдэлъхубзэр мэкIуэд, псом хуэмыдэу абы и Iуэхур щыхьэлъэщ хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъухэм я деж. Илъэсит I и пэкIэ, 2009 гъэм, Иорданым щекIуэкIауэ щытащ хэхэс адыгэхэм я анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ джынымрэ теухуа Япэ дунейпсо конференцыр. А зэхыхьэшхуэм цIыху куэд хэтащ, адыгэ щыпсэу къэралхэм ящыщу зи лIыкIуэ кърымыхьэлIа къэмынэу. Унафэ дахи къащтащ, псалъэмакъ купщIафIэхэри щекIуэкIащ, ауэ абы къыпызыщэ етIуанэ лъэбакъуэр иджыри тчакъым - конференцым нэгъабэ Тыркум къыщыпащэн хуеяти, я Iуэху хуэмызэурэ нобэ къэсащ. Мы гъэ дызыхыхьам ар едмыгъэкIуэкIыу адэкIи Iэпэдэгъэлэл тщIы хъунукъым. Тыркум деж ЕтIуанэ зэхыхьэшхуэр щекIуэкIмэ, абы къыпызыщэнухэр хьэзырщ - Израилым щыIэ адыгэ къуажитIыр. КъыдэкIуэтей щIэблэм адыгэбзэр егъэджыным, цIыкIури инри абы ирипсэлъэным, унагъуэхэми, уэрамми, IуэхущIапIэхэми къыщагъэсэбэпыным пыщIа гугъуехь лъэпкъ яIэкъым абы щыпсэу Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ - псори къэрал унафэкIэ зэпэщу гъэпсащ.

(КIэухыр 5-нэ нап.).

Иранри тегушхуэри…

«Рейтер» хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэм къызэритымкIэ, я унэм ягъэзэжын папщIэ, дыгъуасэ Суэц кIэнауэм аргуэру Ираным и кхъухьитI дыхьащ.

НэхъапэIуэкIэ, а гъуэгу дыдэр къагъэсэбэпри, а кхъухьхэр Сирием кIуат, «Дуней псом мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я тхыгъэр Iэрагъэхьэн папщIэ».

Суэц кIэнауэр ди ЩIым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хы лъагъуэщ, - Европэм уикIыу Азием кIэщIу ухуешэ, Африкэм и хъуреягъкIэ къыпэкIухьын хуэмейуэ. 1979 гъэм Ислъам революцэр къызэрыхъурэ, абы Иранымрэ и кхъухьхэм зыкъыщагъэлъэгъуатэкъым. Аращ Израилыр «зауэ зэщIэзыгъэст IуэхугъуэкIэ» щIеджар а къэралым и «Alvahb», «Kharq» кхъухьхэр Суэц кIэнауэм дыхьэну зэрытегушхуам.

Махуэ къэс а кIэнауэм кхъухь 50 хуэдиз ирокIуэ. Нобэ абы дэтщ США-м и зауэлI кхъухь зыбжани, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Ливием зэрытеуэнум зыхуагъэхьэзыру.

Бэракъхэм щысхьакъым

«Франс Пресс» хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэм дыгъуасэ къызэритамкIэ, вэсэмахуэ пщыхьэщхьэм Хорватием и къалащхьэ Загреб щекIуэкIа пэкIум щагъэсащ Евросоюзым и бэракъыр.

ЩIалэгъуалэм щыщу цIыху мин зыбжанэм къызэрагъэпэщат а пэкIур, Хорватием и премьер-министр Косор Ядранки и къулыкъум текIын хуейуэ къагъэзуву. Ар абыхэм къаугъэншэу ирагъэкIуэкIауэ плъытэ хъунущ, Евросоюзымрэ оппозицэм и Iэтащхьэ социал-демократ партымрэ я бэракъхэр зэрагъэсар къыумылъытэмэ. Ахэр щысхьакъым властыр зыIэщIэлъ Хорватием и демократ партми и ныпым - мафIэ щIамыдза щхьэкIэ, зэфIатхъащ.

Правительствэм и лэжьыгъэмкIэ мыарэзы пэкIухэр а къэралым щрагъэкIуэкIын щIадзащ мазаем. Иужьрей махуэхэм апхуэдэ пэкIухэр щызэхэтат Загреб, Сплит, Риекэ, Славян Брод, Осиекэ, Пул, нэгъуэщI къалэхэми. А пэкIухэр псом хуэмыдэу полицэм щезэуар Загребщ - цIыху 30 уIэгъэ хъуащ, 60-м нэблагъэ полицэм иубыдащ. ПэкIухэр кIуэ пэтми нэхъ щIэх-щIэхыурэ зэхохьэ, абы цIыхуу къекIуалIэми хэхъуэ зэпытщ.

ЩIыдагъэм и уасэр

«ОПЕК»-м ищэ щIыдагъэм вэсэмахуэ аргуэру хэхъуащ доллари 2,57-кIэ (проценти 2,4-кIэ). Нобэ абы и зы баррелым и уасэщ доллари 110,84-рэ.

Уасэм зэрыхэхъуам Урысейм и фейдэуэ хэлъыр къегъэлъагъуэ абы и дунейпсо гъэтIылъыгъэхэм мазаем и 18-м щыщIэдзауэ и 25 хъуху доллар меларди 4,8-рэ къыхэхъуэу, бжыгъэр доллар мелард 492,2-рэ зэрыхъуам.

Президент Медведев Дмитрий къызэрыхигъэщащи, щIыдагъэм и уасэм мардэншэу хэхъуэным Урысейм и фейдэ хэлъкъым, сыту жыпIэмэ, щIыдагъэкIэ лажьэ отраслхэм яращэ продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэри ди къэралым къыщIегъэкIри. Ауэ нобэрей уасэр - Урысейм и хъуэпсапIэхэм ящыщщ.

«Фэеплъ дакъикъэ»

АБХЪАЗ. ***Республикэм и япэ президент Ардзинбэ Владислав дунейм зэрехыжрэ илъэс ирокъу. Абы ипкъ иткIэ, «фэеплъ дакъикъэ» Iуэхугъуэхэр дэнэ щIыпIи щрагъэкIуэкIынущ.***

ГЪАТХЭПЭМ и 4-м Ешер Ищхъэрэ къуажэм дэт Ардзинбэ Владислав и кхъащхьэм удз гъэгъахэр тралъхьэнущ. Абхъазым щыпсэухэр сыхьэт 15-м и ныкъуэм фэеплъыр ягъэлъапIэу дакъикъэкIэ щымынущ.

Иджырей абхъаз къэралыгъуэм и къызэгъэпэщакIуэ Ардзинбэ Владислав илъэс 65 ныбжьым иту дунейм ехыжащ. Куржы-абхъаз зауэм и лъэхъэнэм Хэкур зыхъумахэм я пашэу щытащ.

Бэвагъым и витаминхэр

АДЫГЕЙ. ***Мэкъумэшыщ[I]эхэм бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр гъэпшэрын щIадзащ.***

ГЪАВЭ зытращIа гектар 11780-м бэвагъым и витаминхэр ирахьэлIащ. Япэу а лэжьыгъэм щыщIадзащ уэсыр щыткIуа Гиагин, Куэшхьэблэ, Тохъутэмыкъуей - куейхэм я губгъуэхэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

НОБЭ

♦Илъэс 30 ирокъу Урысеймрэ Черногориемрэ политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр зэхуаIэ зэрыхъурэ.

♦Илъэс 90 и пэкIэ Абхъаз Совет Социалист Республикэр къэунэхуащ. Абхъаз ССР-р Грузин ССР-м гуагъэхьащ 1921 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м. 1931 гъэм абы и хуитыныгъэхэр ягъэлъахъшэри АССР ящIащ. 2008 гъэм и шыщхьэIум Абхъаз Республикэр къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ Кавказ Адрыщ Iым и шынагъуэншагъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмкIэ зэпсэлъэныгъэхэм я къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр.

♦Москва, Дунейпсо сатумкIэ центрым щызэхэтынущ УФ-м и сату-промышленнэ палатэм и VI зэхуэс.

♦Абхъаз Республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей къыщалъхуа махуэщ.

♦1846 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Къаз-Джэрий «Зи щIыхьыр ин къэрал тетым и деж» зыфIища письмор.

♦1918 гъэм Тэрч Республикэр къэунэхуащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti. ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щытынущ, махуэми-жэщми щIыIэу градуси 2 щыIэнущ.

***ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* ГЪУЩIО Зарифщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Адыгэм адыгэ нэхъ лъапIэ иIэкъым.

IуащхьэмахуэIуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэгъэхьэн:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр-Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал къулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным япыщIа IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр

Темукуев Абдул-Хьэким Салихь и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Пассажир автотранспортымкIэ Iуащхьэмахуэ зэгухьэныгъэ» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и генеральнэ директорыр.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №1373-П-П-м.

3. Мы Унафэр Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011гъэм мазаем и 25-м
№663-П-П

Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэгъэхьэн:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр-Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал къулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным япыщIа IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Жанатаев Сэлим Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №1371-П-П-м.

3. Мы Унафэр Шэджэм муниципальнэ районым ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 25-м
№664-П-П

Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэгъэхьэн:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр-Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал къулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным япыщIа IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр

Марьяш Иринэ Евгений и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIыр.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыхэхынымкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №1368-П-П-м.

3. Мы Унафэр Прохладнэ муниципальнэ районым ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 25-м
№665-П-П

Налшык къалэ округым и муниципальнэ мылъкур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хэгъэхьэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм арэзыныгъэ етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Налшык къалэ электросеть компание» акционер обществэ зэIухам и акцэхэм я проценти 100-р Налшык къалэ округым и муниципальнэ мылъкум къыхэгъэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хэгъэхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мазаем и 1-м къыдигъэкIа Унафэ №22-ПП-м хэплъауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщхэр муниципальнэ мылъкум зэрыхагъэхьэ, муниципальнэ мылъкум щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и IуэхукIэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м и 16 статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Налшык къалэ электросеть компание» акционер обществэ зэIухам зи номинальнэ уасэр сом мелуан 450-рэ хъу къызэрыгуэкI документарнэу щымыт акцэу 4500000-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум къыхэгъэхьэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм арэзыныгъэ етын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 25-м
№666-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я сэбэп зыхэлъым хуэлажьэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэ зэфIыдоIгъэувэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Илъэсыр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым милиционери 8 щаукIащ. ЩIэпхъаджащIэхэм щхьэ ахэр нэщэнэуапIэ ящIрэ?

- Милицэр - ар нэхъ нэрылъагъу, нэхъ узылъэIэсу щыт властым и зы Iыхьэщ. Ахэр зэуэр милиционерхэракъым, ахэр зэуэр властырщ, властым и лIыкIуэрщ. Нэгъабэ и закъуэ хабзэхъумэу 37-рэ хэкIуэдащ, милицэм и дежкIэ ар хэщIыныгъэшхуэщ. СудыщIэ IэнатIэми, ФСБ-ми, прокуратурэми хэщIыныгъэхэр яIэщ. Ауэ уэрамым щынэхъыбэщ милиционерхэр. Прокурорхэр, судыщIэхэр апхуэдиз хъууэ щытамэ, а бжыгъэр нэгъуэщIынут. Сэ сызэреплъымкIэ, а псори зыхуэгъэзар властырщ, армыхъумэ милицэркъым.

- Уэ милицэм и лэжьакIуэ хэкIуэдахэм, уIэгъэ хъуахэм я унагъуэхэм я гугъуехьхэр зэфIэхынымкIэ защIэгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ зэрептым дыщыгъуазэщ.

- ЗэбгъэтIылъэкI мыхъуну къалэнхэр зэфIэхыным къыдэкIуэу, КъБР-м щыIэ МВД-м си лэжьыгъэр къыщыщIэздзащ хэкIуэда ди ныбжьэгъухэм я унагъуэхэм саIущIэнымкIэ, абыхэм я гугъуехьхэм - псэупIэ, мылъку, егъэджэныгъэ, нэгъуэщI ирехъуи - зыщызгъэгъуэзэнымкIэ. Ахэр и кIэм нэсу зэфIэгъэкIынымкIэ тхузэфIэкI псори долэжь. Ауэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым нэгъуэщI зы лъэныкъуэ - ар апхуэдэ хэщIыныгъэ зыгъуэта цIыхухэм ядэплъагъу зэпIэзэрытыгъэрщ, лIыгъэрщ. ХэкIуэда милиционерхэм я щхьэгъусэхэмрэ я адэ-анэхэмрэ властым зэрелъэIур зыщ - Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэр, жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр щыхъумэнырщ.

- Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ КъБР-м къыщызэрагъэпэща ЗэзыгъэуIу зэIущIэм теухуауэ сыт къыджепIэн?

- СызэреплъымкIэ, граждан жылагъуэм и лIыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм кууэ тепсэлъыхьын, властым япыщIауэ щытын хуейщ. Нобэ дэ, къарузехьэ IэнатIэхэм щылажьэхэм, жылагъуэмрэ властымрэ ящIыгъуу КъБР-м зэпIэзэрытыныгъэр щызэтеIыгъэным и хэкIыпIэхэр доубзыху, иджырей щытыкIэр къэзыша щхьэусыгъуэхэр зэхыдогъэкI. Республикэм и Президентым ЗэзыгъэуIу зэIущIэхэр къызэригъэпэщынымкIэ, абы и хуитыныгъэхэр пхигъэкIынымкIэ дыдоIэпыкъу. Иджы зы щIыналъэ унафэщIи «сэ сыщыгъуэзакъым», «хэсщIыкIакъым» жиIэфынукъым. Дэтхэнэ зы IэнатIэми хъыбар псори зэпкърехри, езыхэм къыхалъхьэхэри щIыгъуу щIыналъэ унафэщIым и пащхьэ ирелъхьэ, Федерацэм и субъектым и къулыкъузехьэ нэхъыщхьэу щыткIэрэ, зыхуэфащэ унафэ къищтэн папщIэ. Президент Къанокъуэ Арсен ЗэзыгъэуIу зэIущIэм къыхишащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэ пашэу пщIэ зиIэ цIыхухэр.

- Дин зэхъуэкIар зезыхьэу, абы и и телъхьэу къэувхэр, дызэрыщыгъуазэщи, илъэс 30 ныбжьым хиубыдэхэрщ, абы ищхьэ, курыт еджапIэхэм я студентхэри яхэту. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Дэ къэтпщытат университетым, общежитхэм я Iэгъуэблагъэхэм щIэпхъаджагъэ дапщэ щалэжьами, абы щыIэ щытыкIэм дигъэпIейтейуэ щIидзащ. Студентхэр - дуней псом нэхъ щыжыджэр, къару щхьэхуэхэм къагъэсэбэпыфыну къыхуеджэныгъэхэм дихьэххэрщ. Къалъыхъуэхэм, мэзым щIыхьэжахэм я ныбжьым феплъ. Я адэ-анэхэм зэрыжаIэмкIэ, «ахэр Мэзкуу лэжьакIуэ кIуахэщ». Ауэ щыхъукIи, ахэр мыбдеж къыщохутэ, ди цIыхухэм, властым и лIыкIуэхэм, ЦIыпIынэ Аслъэн, ПщыхьэщIэ Iэнас сымэ хуэдэ цIыху телъыджэхэм Iэщэ трагъапсэ.

- Уэ дауэ узэреплъыр, щхьэ абыхэм еуа ахэр?

- Ар ящIэу, зэпэлъытауэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэм ирадза удынышхуэщ. ГъащIэм жыджэру хэт апхуэдэ цIыхухэр нэхъыбэу щытамэ, щIэпхъаджащIэхэр къызэтебгъэувыIэфынут, щIалэгъуалэр къемызэгъ а Iуэхугъуэхэм ящыпхъумэфынут. Ахэр зыукIахэм къагурыIуэрт, езыхэм зыхашэну щIалэщIэхэр абыхэм къызэрыIэщIагъэкIыр. Ауэ щыIэн хуейщ махуэ къэс щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъу гупсысэ узыншэ: дэ мэзхэм къыщыджыхьын хуейкъым - дэ диIэщ унагъуэ, лъэпкъ хабзэ лъапIэныгъэхэр. Зи лъэпкъ хабзэр зымыщIэ щIалэгъуалэр щыкуэдыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым, атIэ дэнэ щыпIи ахэр щыIэщ. Урысей Курытым я къуэшхэм я бынхэр щызэрыцIыхуркъым. Мис а псори къытподжэж.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэм къемызэгъыу фадэхэкI зэрыщызэрагъакIуэр, апхуэдэуи псори зыщыгъуазэ ахъшэ джэгу хьэрычэт Iуэхур хабзэхъумэ IэнатIэхэм щIахъумэу зыбжанэрэ къызэрыIуам жылагъуэр игъэпIейтеящ. КъБР-м щыIэ МВД-м 2010 гъэм и лэжьыгъэм кърикIуахэм теухуа зэIущIэм уэри абыхэм ущытепсэлъыхьащ.

- Апхуэдэ щIыкIэкIэ сэ а джэгупIэхэр щIэзыхъумэхэм закъезгъэщIащ. Аркъэ птулъкIэр тумэни 2-кIэ ящэну хэт хуитыныгъэ язытыр? Япэ щIыкIэ слъагъуну сыхуейщ, «дэ абы зыкIи дыпыщIакъым» жызыIэ ди лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэм кърикIуэр, ар дыдэмкIэ дэри дызилIыкIуэ властым а гугъуехьхэр зэрилъагъур къыхэзгъэщыну. Коллегием зыщыхуэдгъэхьэзырым сэ къалэн ящысщIри сыхьэтищым къриубыдэм къысIэрагъэхьащ лажьэ джэгупIэ пэшхэм щытраха сурэт куэд. Абы и пэкIэ зы зэIущIэ гуэрым къыщызжаIат: «Ди республикэм джэгупIэхэр щыIэкъым». АрщхьэкIэ абы арэзы сытехъуакъым. А псалъэхэр къызжезыIа унафэщIым сурэтхэр езгъэлъагъури сеупщIащ: «Сыт хуэдиз зэман узыхуейр мыхэр сымылъагъун папщIэ?» Абы и ужькIэ къыгурызгъэIуащ Iуэхур имыгъэтэмэмыжмэ, афIэкIа мыбы зэрыщымылэжьэжынур. Коррупцэм пэщIэтынымкIэ япэ игъэщыпхъэ ди къалэнхэм ящыщ зыщ ар. КърикIуэр наIуэу дылэжьэфын папщIэ, япэ щIыкIэ ди сатырхэр дгъэкъэбзэн хуейщ.

- Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэр зэрыхалъхьэм къыдэкIуэу, министерствэм и лэжьакIуэхэми нэхъыфIхэмкIэ уащыгугъын хуейуэ къыщIэкIынщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэр милицэм хэтхэм я ныбжьыр ику иту Урысейм щынэхъ лъагэхэм ящыщ зыщ. Сэ сепсэлъэн хуей мэхъу илъэс 15 хъуауэ зы къулыкъум пэрытхэм. «Иджыпсту зэхъуэкIыныгъэхэр екIуэкIынущ, сэ къыспэщылъщ фыкъэзгъэнэн-фыкъэзмыгъэнэныр сыхэплъэну» яжызоIэ абыхэм. Иджыри илъэси 10-кIэ Хэкур яхъумэну хьэзыру тезыгъэчыныхьхэм ест жэуапыр мыращ: «Зэ фыкъызэтеувыIэ. Фэ къулыкъу лъагэм фыпэрыуващ илъэс 15 и пэкIэ. Абы щыгъуэ сыт хуэдэу щыта республикэр - нобэ диIэр сыт? Иджыри илъэси 10-кIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр «кIуэцIрывгъэхуну» ара?

- ЛэжьакIуэщIэхэм я Iуэхур дауэ щыт?

- Къалэным хуэхьэзыр щIалэгъуалэ куэдым гу лъызотэ, ди лэжьакIуэхэм къахызох унафэщI къулыкъум ягъэувыну згъэлъэгъуэнухэр. Кадр Iуэхур тэмэму зэтедгъэувэмэ, щытыкIэми дыпэлъэщынущ. Дэтхэнэ зы къалэнри фIыуэ гъэзэщIэныр зыхуей хуэзауэ уи къулыкъукIэ удэкIуеиным и хэкIыпIэщ. АрщхьэкIэ, щIалэгъуалэр майорым носри IукIыжын хуей мэхъу, сыту жыпIэмэ, абы адэкIэ къыпэплъэ къулыкъум илъэс 15 хъуауэ зы цIыху щысщ икIи зыми зихъуэжыркъым. Ахэр милицэм хокIыж - лэжьэфыну, я къарукIэ адэкIи Iуэхум пызыщэфынухэр республикэм фIокIуэд. Си фIэщ мэхъу дяпэкIэ ди лэжьакIуэ гупыр зыхуей хуэзэу зэрызэхэдгъэувэфынур.

- 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуахэм хэтахэм я судыр илъэс бжыгъэ хъуауэ яхуэщIэркъым. Дапхуэдизрэ ар иджыри зэрекIуэкIынур?

- Жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуам уголовнэ IуэхумкIэ ягъэкъуаншэ цIыху 56-м я судыр ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зы гугъуехьщ. Абыхэм ялэжьамкIэ хуэфащэ жэуап зэрахьынур си фIэщ мэхъу. А Iуэхур иджыри зы илъэс, илъэсрэ ныкъуэкIэ екIуэкIынущ. ЦIыхум, лъэпкъым ехьэлIа щIэпхъаджагъэ зылэжьахэр хэтми къыдгурыIуэн хуейщ. Апхуэдэу щытми, ущрихьэлIэ щыIэщ ахэр зыгуэрхэм зыхаша, гъуэща цIыху щIалэхэу къалъытэу. Апхуэдэукъым ар зэрыщытыр. Щхьэрыуар Iэщэ къищтэу езым и цIыхухэм еуэжынукъым. Абы къыгурыIуэрт илэжьыр зищIысыр, ар щIэпхъаджащIэщ. Хамэ къэрал СМИ-хэм а Iуэхум гулъытэу хуащIым феплъ. Псалъэм папщIэ, Италием бандитхэм суд щытращIыхьмэ, Урысей СМИ-хэр абы кIуэрэ, яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплърэ? Дэ ди деж къакIуэр Италием и закъуэкъым къыздикIыр.

- КъБР-м щыIэ МВД-р республикэм и жылагъуэ, политикэ къарухэм я лIыкIуэхэм дежкIэ зэIухауэ щытыну?

- Нэхъапэм сэ Кемеровэ къулыкъур щесхьэкIащ икIи милицэм и лэжьыгъэм къесшэлIар Жылагъуэ советым и закъуэкъым. «Полицэм и IуэхукIэ» законым тепсэлъыхьахэм яхэтащ жылагъуэ зэгухьэныгъэ жыджэрхэм я унафэщI псори. Абы щыгъуэ хьэлэмэт сщыхъуат жылагъуэм а законыр зэрафIэгъэщIэгъуэныр. Абыхэм мыхьэнэ зиIэ хэлъхьэныгъэхэр ящIащ. Дэ а псоми дызэрыхэплъар ди милицэ еплъыкIэ къудейм тещIыхьауэкъым. Иджы дыубзыхуащ министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ Советым и гупыщIэ. Мы гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ абы жыджэру лэжьэн щIидзащ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я дежкIэ сэ зэхуэщIауэ сыщытынукъым.

Республикэм щызэфIэува щытыкIэр зэуэ къэхъуакъым икIи ар зы махуэм къриубыдэу пхуэгъэзэкIуэжынукъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыпэплъэр цIыхухэм япхыкIын щхьэкIэ къаруушхуэ ехьэлIэн хуейщ.

Епсэлъар
ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэщ.

КIыщ Мухьэдин КъБР-м щыIэ МВД-м и къарур терроризмым пэщIэтыным зэрыхуиунэтIыр деIыгъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэ тыщI, Урысейм художествэхэмкIэ и академием и действительнэ член, академик, Испанием щыпсэу КIыщ Мухьэдин Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм республикэм жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр щызэтеIыгъэным, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, диныр зи тегъэщапIэ щIэпхъаджащIэхэм я гурылъ фIейхэр къызэпыудыным и къарур нэхъри зэрыхузэщIигъэуIуэр деIыгъ.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм къыхуигъэхьа тхыгъэм сурэтыщIым щыжеIэ терроризмым жыджэру зэрыпэщIэтым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм пэуву ялэжьа щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм пыщIахэр яубыдынымкIэ хабзэхъумэхэм зэфIагъэкIхэм зэрителъхьэр.

«Ахэр ди гъусэу мэпсэу. ЦIыхухэм ящIэ ахэр хэтми, - къыхегъэщ КIыщым. - Ди къару псори зэщIэдгъэуIуэу хабзэм и хъумакIуэхэм ящIыгъуу щIэпхъаджащIэхэр къызэтедгъэувыIэн хуейщ».

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ЛIыгъэм и щапхъэ

«ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ и пэкIэ блэкIам куэдрэ ущIыкIэлъыджэн щыIэкъым, балъкъэрхэр хэкум зэрырагъэкIам теухуауэ куэд ятхащ, кинофильмхэр трахащ. Нобэрей гугъуехьхэм я гугъу пщIамэ мынэхъыфIу пIэрэт?!» - жиIэу къызэхъурджэуэнхэри щыIэу къыщIэкIынщ. Япэрауэ, балъкъэрхэм хамэ щIыпIэм щагъэкIуа илъэс 13-р си лъэпкъым и тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. А напэкIуэцI гукъутэхэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу тхыдэм хыхьэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ журналистхэм, тхакIуэхэм, тхыдэжутэхэм дяпэкIи лэжьыгъэшхуэ къапэщытщ. ЕтIуанэрауэ, сэ схуэдэу сабийуэ хамэщIым къыщыхута си лъэпкъэгъухэм я нэгу щIэкIар хэхауэ къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ.

АПХУЭДЭЩ Шэджэм Ипщэм щыщ Кудаев Исхьэкъ. Абы и адэ Исмэхьил лIыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу зэуапIэ губгъуэм и псэр щитащ, и адэшхуэ Уэсмэнрэ и анэ Мариямрэ хамэ щIыпIэм щыфIэкIуэдащ. Илъэс пщыкIуплI фIэкIа мыхъу Исхьэкъ унагъуэм и хьэлъэ псори, и къуэш, и шыпхъу цIыкIухэу Алийрэ Юлэрэ зыхуей хуэгъэзэнри и пщэм дэхуащ.

Кулиев Къайсын и усэхэм куэдрэ щигъэфIа, тхъурымбэ хужьыбзэу къэпIэнкIыу ежэх Жылгы псы уэр цIыкIум и Iуфэм Кудаевхэ я унагъуэр насыпыфIэу щыпсэурт. Зэщхьэгъусэхэу Исмэхьилрэ Мариямрэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу сабий дыгъищ - Исхьэкъ, Алий, Юлэ сымэ зэдапIырт.

Унагъуэм и нэхъыжьыр пщэдджыжь нэхущым и пщIэгъуэплъым шэсырти, хъущIэу еукIуриех Шэджэм псым мывэ гъуэгукIэ деущэхырт. Исмэхьил партым и райкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и унафэщIу Шэджэм Ищхъэрэм щылажьэрти, я унэм щекIуэлIэжыр гувауэт, махуэ псом абы пэплъэурэ езэша цIыкIухэр жей IэфIым хилъэфэжа нэужьт.

- Зэгуэрым ди адэр нэхъ жыыуэ къыдыхьэжащ. Гъэмахуэ хуабэт, дунейр бзыгъэт. Бзухэм я уэрэдыр кърашырт, бжьэхэр къэпщIат. Сыт щыгъуи нэщхъыфIэу, гуфIэжу къытхущыт ди адэр нэщхъейуэ унэкум итт. ИтIанэ, дэ зэхэдмыхым фIэфIу, ди анэм щэху жриIащ: «Уруш» (зауэ), «Гитлер», «фронт» псалъэхэр. Абыхэм къарыкIыр къызгурымыIуами, игъащIэ псокIэ си гум къинащ. А псалъэ щIыIэ шынагъуэхэр дгъэвын хуейуэ къытпэплъэ тхьэмыщкIагъэшхуэм и щIэдзапIэт, - игу къегъэкIыж Исхьэкъ. - Ди адэр къытхуэцIыхужыртэкъым, дыкъримыдзэжу къытщыхъурт, унэм нэху къыщемыкI щыIэт. Куэд дэмыкIыу Шэджэм Ипщэ дэс щIалэхэм ящIыгъуу дзэм ираджащ икIи хэкIуадащ. А лъэхъэнэ хьэлъэм хэт и гущхьэ къэкIынт насыпыншагъэшхуэ къыттепсыхэну, 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-р ди гъащIэм махуэ фIыцIэу къыхыхьэну...

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зи ныбжьыр хэкIуэта и адэ Уэсмэнрэ и бынищымрэ щIыгъуу, Джамбул областым хыхьэ Курдайск районым и Къарэкъундуз къэзахь къуажэм Мариям и унагъуэр къыщыхутащ. Исхьэкъ и закъуэт анэм Iэпыдзлъэпыдз хуэхъуфыр. Мариям жыыуэ губгъуэм дэкIырт, гувауэ къэкIуэжырт. Къару лъэпкъ имыIэжу зи псэр къэзылъэфэсыж и анэм и хэщэIукI макъым ныбжьыщIэм и гум шабзэу зыпхидзырт...

Исхьэкъ тхьэусыхэртэкъым. Иджы ар и анэм щIыгъуу лажьэрти, махуэ къэскIэ жыыуэ зиужьырт, балигъхэм закъыкIэримыгъэхуу и жэгундэ Iыхьэр ипщIэрт, псы щIэгъэхьэгъуэми, гъавэ къехьэлIэжыгъуэми жыджэрт. И къуэш, и шыпхъу цIыкIухэр имыгъэмэжэлIэн, я гъунэгъухэм, адэ зиIэхэм яримыгъэхъуэпсэн щхьэкIэ хузэфIэкIыр ищIэрт.

Колхозым щIы Iыхьэ къащритым, абы нартыху щагъэкIыну мурад ящIащ икIи жылэхэр и пIалъэм халъхьащ. Я гугъуехьыр хэкIуэдакъым - гъэ щIэзыхыну гъавэ кърахьэлIэжащ.

1951 гъэм мазаем и 27-м Мариям и бынхэр зеиншэ дыдэу къэнащ. ЩIымахуэм и иужьрей махуэхэр хуабжьу щIыIэт. Абы щыгъуэ Къарэкъундуз зи къаруилъыгъуэ цIыхухъу дэсыжтэкъыми, мащэр цIыхубзхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къатIащ. Мариям зэрыкъуажэу щIалъхьащ.

Кудаев Исхьэкъ

Я гъунэгъухэмрэ унэкъуэщхэмрэ къагурыIуэрт зэрыбыныр я закъуэу зэрымыпсэуфынур. Ахэр сабий унэм етыным Iуэ хур нэсат. Ауэ, зэрыжаIэу, дунейм цIыхуфIхэр щымащIэкъым. Исмэхьил и шыпхъухэу Таткошрэ Нафисэтрэ Джамбул щыпсэути, я дэлъхум и бынхэр зрашэлIэжащ. Езы Нафисэт сабии 9 ипIырти, иджы 12 зыхуей хуигъэзэн хуейт. Куэд дэмыкIыу абыхэм гъусэ яхуэ хъуащ унагъуэм и тхьэмадэ Азнор и къуэшым и къуэ, иужькIэ генерал хъуа Беппаев Суфьян. Нафисэт сабий 13-м якIэлъыплъырт, махуэ къэс еджапIэм щIигъэкIырт. Псори зэгурыIуэрт, зэдэIуэжырт, зэхуэгуапэт.

«Школ», «щIэныгъэ». А псалъэхэм Исхьэкъ и гум куэд къагъэкIыж. Илъэсих щрикъум Шэджэм Ипщэ къуажэ школым щIэтIысхьа щIалэ цIыкIум къеджэкIэмрэ тхэкIэмрэ псынщIэу есат, ауэ япэ классыр къримыгъэухыу я лъахэм ирашащ...

Хэгъэрейхэм нэмыщI Къарэкъундуз къуажэм балъкъэрхэр, къэрэшейхэр, курдхэр, урысхэр щыпсэурт. Зэрырагъаджэр урысыбзэкIэт.

- Уеблэмэ, Шэджэм щыщ си хэкуэгъухэу Шахмурзаев Саидрэ Кудаев Музэфаррэ зэрырагъаджэр урыс школым и программэм тетут. ТIури хуабжьу къызэгугъурт. Музэфар си унэкъуэщт, Саид си адэм и ныбжьэгъути, цIыху гъэсауэ, жыджэру сыкъызэрагъэхъуным хущIэкъурт. Шахмурзаев Саид егъэджакIуэ Iэзэт, зауэм и пэкIэ Ленинным и орден къыхуагъэфэщат, балъкъэрыбзэкIэ усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIат. Сыт хуэдизу къызэгугъуами, щхьэусыгъуэ Iэджэм къыхэкIыу, а илъэсиблым къриубыдэу къысхуэухар класситI къудейщ, - къеIуэтэж Исхьэкъ.

КъыдэкIуэтея нэужь, Кудаевыр Джамбул дэт зооветтехникумым щIэтIысхьащ. Абы къыщIашри дзэм ираджащ икIи щытхъу иIэу танкым и командиру Белоруссием и къулыкъур щрихьэкIащ, класси 10-ри заочнэу къыщиухащ.

И пIалъэр къыщысым, дзэм къыхэкIыжри, Исхьэкъ и адэжь лъахэм къигъэзэжащ. Псом япэу къыщалъхуа Шэджэм Ипщэм кIуащ. Илъагъу псори фIэщIэщыгъуэт. И сабиигъуэр и нэгу къыщIигъэхьэжу, Жылгы псы уэр цIыкIур, нэхъапэми хуэдэу, Iущэщэжу ежэхырт. Я унэм къыхэнэжар мывэ блынхэм я закъуэщ, ауэ илъэс куэд и пэкIэ зэрыщытам ещхьыркъабзэу, къэзыухъуреихь дунейр зэрыщытащ. Пшэ хужь чэтхъахэр я щIакIуэу къуршыжьхэр уардэу зэфIэтт, я лъабжьэм декIуэкIыу мэзхэр щыкIырт, удзхэр щыгъагъэт, аддэ я лъащIэм, Хэкум и бжьыфIагъым хуэусэ нэхьей, Шэджэмыжьыр хъущIэу щеукIуриехырт.

Илъэгъуахэм гупсэхугъуэ къаритауэ, Налшык къигъэзэжащ икIи и тхылъхэр Тэн Iус Ростов къалэм дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым заочнэу щеджэ и къудамэм иритащ, иужькIэ «Коммунизмге жол» республикэ газетым корректору уващ. И зэфIэкIыр къалъытэри, мыгувэу зэдзэкIакIуэ ящIащ. Ауэ а IэнатIэм куэдрэ пэрытакъым - Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм щIалэ жанхэр, губзыгъэхэр къыхихырти, абы ирагъэблэгъащ.

Зыхыхьа гупым Исхьэкъ псынщIэу хэзэгъащ. КадрхэмкIэ къудамэм и унафэщI Батчаев Исмэхьил, партюмым и секретарь Чеченов Расул, Кучменов Мухьэрбэч сымэ, нэгъуэщIхэми абы зэпымыууэ зыкъыщIагъэкъуащ, лэжьыгъэм хагъэгъуэзащ. Зэманышхуи дэмыкIыу, политотделым и инструктор нэхъыжь Кудаевыр щапхъэу ягъэлъагъуэу щIадзащ. Хьэлэлу, пэжу, зэпIэзэрыту зи къулыкъур езыхьэкI офицер хахуэм и унафэм щIэтхэри апхуэдэ лэжьэкIэм къыхуриджэрт, хуиущийрт. Езым и щIэныгъэм зэпымыууэ хигъахъуэрт. Зэрылажьэм хуэдэурэ, СССР-м и МВД-м и академием и Ростов факультетыр къиухри, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу и пщэрылъхэр гъэзэщIэным пищащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеран Кудаев Исхьэкъ къыхуагъэфэщащ «И къулыкъур дагъуэншэу зэрырихьэкIым папщIэ» медалым и нагъыщэ псори, «Милицэм и отличник» дамыгъэр, СССР-м и МВД-м и диплом, нэгъуэщI щIыхь тхылъ куэд.

Хабзэ хъумэ IэнатIэхэм илъэс 22-рэ езыта Исхьэкъ пенсэм кIуами, иджыри жыджэрщ, Налшык дэт организацэхэм ящыщ зым щолажьэ. Абырэ и щхьэгъусэ Нэжэбэтрэ я унагъуэм хабзэ дахэ щызокIуэ. Я бынитхури абы тету ирагъэджащ, ягъэсащ, гъуэгу захуэ трагъэхьащ. А псоми иригуфIэу, иригушхуэу ноби къызэдогъуэгурыкIуэ.

Кудаев Исхьэкъ тезухуа мы тхыгъэр Кулиев Къайсын и псалъэкIэ сыухынут:

Лъэпкъхэм я унагъуэм
си лъэпкъри щопсэу,
ИкIи а гуфIэгъуэм
гущIэр егъэхуабэ...

ЗАНКИШИЕВ Хъусейн.

Гъатхэпэм и 8-р балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэщ

Адыгэ щIалэм дызэрыхуэзар

ПСОРИ дызрагъэтIысхьа вагоным цIыхухэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ я пIэ щизэгъам, ар и зэхуэдитIым нэс из хъуат. Щэхуу дыщысыну унафэ къытхуищIри, къэралкIуэцIыдзэхэм я сержантым гъущIыбжэр игъэбыдэжащ. Вагоным исхэр сабий, цIыхубз, лIыжь-фызыжь защIэт. ЦIыхухъуу зи къаруилъыгъуэу тIу къудейт дызэрыхъур - сэрэ Гундэлэн щыщ, трактористу щыта Чочаев Халибуллэхьрэ. Ныбжь иIэти, ар зауэм ягъэкIуатэркъым. Зыми зыри жытIэртэкъым. Халибуллэхь псалъэ зэпытт, къемыдаIуэIами. Абы жиIэрт зы щIыпIи щымыкIуэдыну, лэжьыгъэншэ зэрымыхъунур, трактор дэни зэрыщигъуэтынур.

МафIэгум зыщричым, цIыхубзхэм гъын щIадзащ, абыхэм ящыщ зым уэрэд гууз къыхидзащ... Дэ дыздашэм зыри хэтщIыкIыртэкъым, щхьэгъубжэ цIыкIумкIэ къыдидз нэху тIэкIум фIэкIи тлъагъуртэкъым. А дакъикъэхэм дэркIэ дунейр зэрыхъур дызэрыс вагон кIыфIырт.

ЦIыхухэм гъуэгу гъуэмылэу ягъэхьэзырам щыщ яшхырт, ауэ, къызэрыщIэкIамкIэ, псы къыздищтэну зыми игу къэкIатэкъым. Псори псы дыхуэ лIат. Ауэ сыт хуэдэ станцым дыкъыщыувыIэми, гъущIыбжэр зэи Iуахыртэкъым. ПсыхуэлIэр балигъхэм зыгуэрурэ зых уагъэшэчырт, ауэ сабийхэр гъырт, псы иратыну лъаIуэрт...

Жэщ-махуэ зыбжанэ дэкIауэ, губгъуэ гуэрым и деж дыкъыщыувыIэри, сержантым бжэр Iуихащ. Дэ къэтлъэгъуащ уэсым щIигъэна губгъуэр. Сержантым зэрыжиIам хуэдэу, сэ пэгунитI къэсщтащ. Уэсыр ярыубауэ къэсхьа щхьэкIэ, ди Iупэхэр псыф иритщIыну фIэкIа нэгъуэщIу дрикъуакъым, етIуанэуи мафIэгум срагъэкIакъым.

ПсыхуэлIэм псори диукIырт. Я бынхэм ятелъ бэлыхьыр зылъагъу анэхэр зэщыдж эу гъырт. Дызэрыбэу эн жьы зэрыдмыгъуэтри Iуэхум къыхыхьэжати, тхуэхьыжыртэкъым. ЦIыхухэр къарууншэ хъууэ, я лъэр щIэхуу хуежьат. Сержантым ар къилъагъумэ, игу зымащIэкIэ къытщIэгъуну дыгугъэрт.

Сытми, мафIэгур къэувыIэу плъырым бжэр щыIуихым, зэуэ жьы къабзэр къытIурыуат. ЦIыхухэр нэхъуеиншэу жьэкIэ бауэрт. Сержантым аргуэру пэгунитI къасщтэу и ужьым сиувэну унафэ ищIащ. Гъатхэпэ мазэм икут, ауэ уэсыр иджыри куу уэ телът. МафIэгур станцым дынэмыс щIыкIэ къэувыIати, сэ дыкъыздэсами дыздэщыIэми зыри хэсщIыкIыртэкъым. Сержантым псы къижыпIэ сыбгъэдишащ. Псы щыIэ къахуэсхьам цIыхухэм псэ къахилъхьэжат, я лъэр нэхъ жан ищIыжат. «Псы нэ хъурэ нэхъ IэфI мы дунейм теткъым», - жиIэрт Хабибуллэхь, и псыхуэлIэр икIри къэтIысыжауэ.

Омск дынэса нэужьщ дыздашэр къыщытщIар. А станцым дытету зы капитанрэ Iэщэ яIыгъыу сэлэтитIрэ ди вагоным къыбгъэдыхьащ. Офицерым жиIащ зэрыадыгэр, Налшык зэрыщыщыр, балъкъэр лъэпкъым къылъыкъуэкIа гузэвэгъуэр и жагъуэ зэрыхъуар. Балъкъэрыбзэ щызэхихым къыбгъэдыхьауэ арат. Къэзахъстаным хыхьэ Павлодар областым дызэрашэр япэу къыджезыIари аращ. Абы и гъусэ сэлэтхэм ящыщ зыр зы щIыпIэ игъакIуэри, и щIыбым къэп телъу псынщIэу къигъэзэжащ. Абы бдзэжьейрэ щIакхъуэ гъэгъуарэ къихьат.

Сэлэтым къэпыр ди вагоным къыдридзея къудейуэ, я нэхъыщхьэ майорыр къэгубжьауэ къыкъуэкIащ. Ар сержантым щIэкIиерт бжэр Iухауэ къызэригъэнам щхьэкIэ, тезыр трилъхьэну жиIэрт. Ауэ мыдрейри къикIуэтыртэкъым, бжэр хуэщIамэ, цIыхухэр зэрымэхыр, жьы зэрахуримыкъур къыгуригъэIуэну яужь итт. «ИтIанэ, - жиIэрт абы, - мыбы исхэр сабийхэщ, цIыхубзхэщ, лIыжь-фызыжьхэщ. Я цIыхухъухэр зауэ IэнатIэм зэрыIутым сыщыгъуазэщ. Сэ езыр Кавказым щыIэ Псыхуабэ къалэм сыщыщщ. Мы лъэпкъыр щыпсэууэ щыта щIыпIэхэми сыщыIащи, абыхэм щхьэкIэ Iей схужыIэнукъым». Ар къэралкIуэцIыдзэм хыхьэн хуей щIэхъуар уIэгъэ зэращIам къызэрыхэкIари дыщIигъужащ. Майорыр сержантым къыбгъэдэкIщ ди вагоным бгъэдэт капитаным къыбгъэдэкIуатэри, ягъэIэпхъуэхэм епсэлъэну зэрыхуимытыр жриIащ. Капитаным абдеж пидзыжащ дызэрилъахэгъуэр икIи къэхъуар ищIэну зэрыхуейр. Майорым ар игу иримыхьу къэгубжьри, мафIэгум къыбгъэдэмыхьэну унафэ яхуищIащ. Капитаныр сымаджэщым къыщIэкIыжа къуэдейуэ, Омск къалэм и гъущI гъуэгум и дзэ комендантым и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзащIэу арагъэнут. Псалъэмакъ мыщхьэпэр къыщыхъейм, майорыр и кIэрахъуэм епхъуэну зищIащ, ауэ сэлэтитIым я Iэщэр щагъэпкIым, къэувыIэжащ. Мы Iуэхур абдеж щиухыну къыщIэкIынтэкъым, мафIэгур зэрежьэжынумкIэ хъыбар къэмыIуамэ…

Къэпым илъар дэ зэхуэдэу зыхуэдгуэшащ. ЦIыхубзхэр Тхьэ елъэIурт къытщхьэщыжа капитаныр узыншэу и анэм хуихьыжыну. Сэ иджыри къыздэсым согупсыс офицер адыгэ щIалэм и Iуэхур зэрыхъуам. Зауэр иджыри екIуэкIырт, 1944 гъэм и гъатхэпэ мазэу арат. Нобэр къыздэсым абы и унэцIэм сызэрыщIэмыупщIам сыхущIогъуэж.

Сыт хуэдэу Iуэхур щытами, сэ къызэрысщыхъумкIэ, сержантым и псалъэхэм мафIэгум и унафэщIыр зыгуэрым ирагъэгупсысат. Абы унафэ ищIат махуэкIэрэ вагоным и бжэр ямыгъэбыдэну. Дэри нэхъ хуиту дыбауэрт. Арати, дыздашэм дынэсащ.

Дэ ятIэ лъэгу унэ бгынэжа гуэрым дыщIагъэтIысхьащ. А мазэм и кIэ махуэхэм си къуэш нэхъыжь зауэ IэнатIэм Iутым и бынхэу илъэсих хъу хъыджэбз цIыкIумрэ илъэсиплI зи ныбжь щIалэмрэ дунейм ехыжащ. Абыхэм и чэзум дохутыр къедмыгъэплъыфауэ арат. Мазэ дэкIри, сабийхэм я анэри якIэлъыкIуэжащ. Дэ а гуауэр къызэрыттехьэлъар къызэрысIуэтэн псалъэ ноби къысхуэгъуэтыркъым.

КУЛЬБАЕВ Алий,
УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Илъэс 70-м нэблагъэ дэкIауэ

●Жыжьэ - гъунэгъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм и мафIэ лыгъэм хэта ди зауэлI куэд хъыбарыншэу хэкIуэдащ. Абыхэм я щхьэр щагъэтIылъа щIыпIэм я Iыхьлы-благъэхэр ноби щыгъуазэкъым. А зэман хьэлъэм фронтым къикIыу къахуэкIуа письмо кIапэ тIэкIур яIэщIэлъу анэ, фызабэ дапщэм нэху ягъэща, я щхьэгъусэхэм, я къуэхэм пэплъэ защIэурэ дунейм ехыжахэр-щэ!

- КУРП Ищхъэрэм щыщ Шормэн Исуф ди Инарыкъуей къуажэ школым егъэджакIуэу ныщагъэкIуауэ щытар, дыцIыкIуами, фIы дыдэу дощIэж. Ар 1939 гъэрт. ЩIалэ зэкIужт, бзэ IэфIт, цIыху щабэти, зэуэ псоми я гум дыхьат, - къаIуэтэж Срыхъу ТIытIэрэ Уэрсей БетIалрэ. - А илъэс зытIум апхуэдизкIэ къытхэсыхьати, Мэкъулхэ япхъу къишэри, ди жылэм къэIэпхъуэпат. И щхьэгъусэ Касринэрэ абырэ щIалэ цIыкIу зэдагъэутэуэ, гъащIэ дахэ зэдаухуэну щрагъажьэ дыдэм, Хэку зауэшхуэм щIидзэри, я насыпыр къызэтрикъутащ.

Адрей куэдхэми хуэдэу, пэплъащ Касринэ и щхьэгъусэм, куэбжэр къызэIуихыу зэгуэр къыдыхьэжын къыфIэщIу. Я щIалэ закъуэр цIыху нэсу къигъэхъуат, унагъуэуи игъэтIысыжат. ИтIани Исуф и кIуэдыпIэ хъуам егупсыс зэпытт, ауэ абы къыхуиухатэкъым и лIым и щхьэр щигъэтIылъам теухуауэ зыгуэр зэхихыну.

Шормэн Исуф хъыбарыншэу зэрыхъурэ илъэс 70-м нэсауэ Украинэм къикIыу я къуэрылъхухэм тхыгъэ къазэрыхуэкIуар ищIатэмэ, Касринэ и псэр тыншыжынт. КъэлъыхъуакIуэхэм къатхырт 1941 гъэм Полтавэ областым хыхьэ Оржицэ поселкэм деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм я адэшхуэр зэрыхэкIуэдар, абы щIыгъуу нэгъуэщI зауэлIиблми я хьэдэхэр зыщIэлъ кхъуэшыкхъэр зэрагъэIэпхъуэнур икIи а Iуэхум хэтыну зэрырагъэблагъэр.

- Си ныбжьэгъухэу Тумэхэ Лиуанрэ Таймуразрэ сщIыгъуу дыкIуати, поселкэм и администрацэм щыщхэри, къэлъыхъуакIуэхэри гуапэу къытIущIащ, а щIыпIэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм и гугъу къытхуащIащ. ХэкIуэда зауэлIхэм я щхьэкупщхьэхэр бэн зырызым дэлъу, я фэеплъым пщIэ хуащIу кхъэщIэм щыщIалъхьэжащ. Абдеж къыщыпсэлъахэм сахэту а Iуэхушхуэр зэфIэзыхахэм сэри фIыщIэ псалъэкIэ захуэзгъэзащ, здэсхьа ятIэ IэмыщIэр си адэшхуэм и мащэм искIутащ, абы къыздисшари си анэшхуэм и кхъащхьэм тескIутащ, - къысхуиIуэтэжащ Исуфрэ Карсинэрэ я къуэрылъху Хьэдис. Абы къыздихьыжащ и адэшхуэм иIыгъа сэлэт шыуан цIыкIур, крушкэр, компасыр, и цIэ-унэцIэмрэ зэщыщ щIыпIэмрэ зытет тхылъымпIэр зэрылъ капсулэр.

А щIыкIэм тету, илъэс 70-м нэскIэ хъыбарыншэу кIуэдауэ къалъыта Шормэн Исуф теухуа пэжыр къэлъыхъуакIуэхэм я фIыщIэкIэ къахутащ. Ар ящыщщ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зыта инарыкъуейдэс зауэлIи 148-м. Абыхэм я фэеплъыр зэи мыкIуэдыжынщ.

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.
Инарыкъуей къуажэ.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, РСФСР-м, СССР-м я Къэрал, Ленинным и цIэр зезыхьэ саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын и Iэдакъэм къыщIэкIащ къызыхэкIа балъкъэр лъэпкъым игъэва гузэвэгъуэм теухуа, ар наIуэу къыщыгъэлъэгъуэжа тхыгъэ купщIафIэ куэд.

Лъэпкъым и къэкIуэнум тогузэвыхь

●Дунейпсо Адыгэ Хасэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Жыжьэ дыIэбэжмэ, Мысырыр илъэс 300-м щIигъукIэ тепщэу зыIыгъа мамлюкхэм адыгэбзэ ящIэу щытащ, иужькIэ тIасхъэ къэхъум, яIэпыщIэхуурэ, бзэр яфIэкIуэдыпащ, абы я щIэблэу нобэ Мысырым щыпсэу цIыху минищэ бжыгъэм адыгэбзэр зыщIэж зыри яхэткъым. Апхуэдэщ Ливием щыпсэу адыгэ мин 70-м нэблагъэм я Iуэхури - зыми адыгэбзэ ящIэркъым, абы и мызакъ уэу, я теплъэри хьэрып теплъэ хъуащ. А щапхъэхэм дэ Iупщl дыдэу дагъэлъагъу ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм, ИстамбылакIуэм и Iэужьым къыщIэхъуа щIэблэхэм, къащыщIынкIэ хъунур. Нобэ Иорданым адыгэу исым и процент 8-10-рщ адыгэбзэ зыщIэжыр, ари нэхъыжьыIуэхэм ящыщу, анэдэлъхубзэ зыщIэ нэхъыщIэхэр закъуэтIакъ уэххэщ. Тыркум щыпсэу адыгэхэми я Iуэхур куэдкIэ нэхъ щIагъуэкъым, ауэ абы «къэушахэр» щынэхъыбэщ, адыгэбзэр яджынымкIэ хуитыныгъэхэр яIэ хъуащ, хэкурыс щIалэхэр гъэсакIуэ абы зэрыкIуам и фIыгъэкIэ, адыгэбзэм нэхъ зратащ, ауэ цIыху бжыгъэу исым тепщIыхьмэ, нобэ адыгэбзэ ищIэу Тыркум щыIэр мащIэ дыдэщ. Абы щыпсэу ди лъэпкъэгъу мелуаниблым щыщу адыгэбзэ зыщIэр зы мелуан ирикъун-иримыкъуну аращ. Абыи дегъэгузавэ. СириемкIэ дыIэбэмэ, Джолан лъагапIэхэм адыгэ къуажэ 14 исати, абыхэм я фIыгъэкIэ адыгэбзэр 1967 гъэ пщIондэ (махуих зауэм нэсыху) сэкъатыншэу къахьэсащ. Ауэ Джолан лъагапIэхэр Израилым иубыда, адыгэ къуажэхэр зауэ мафIэкIэ зэхэзехуэн ящIа нэужь, а щIыпIэм иса адыгэхэр къыдэкIри Щам (Дамаск) дэтIысхьащ. А лъэхъэнэм къэхъуа хьэлэбэлыкъхэр къызэранэкIыу Хэкум къэкIуэжыну хуеяхэм я мурадыр къайхъулIакъым, лъэIукIэ зызыхуагъэза ди къэралым и дэIэпыкъуэгъуи ягъуэтакъым. Iэкъахуэзышияр Толстой и цIэр зэрихьэу США-м щыIэ фондрати, абы и «фIыщIэкIэ» адыгэ куэд а къэралым къыщыщIидзащ. Абдежи Iуэхур зэрыщыщытраши, Америкэм ущыпсэумэ, американ ухъун хуейщ, арати адыгэбзэм и лъэр абыи щIиудащ. Европэм и гугъу пщIымэ, абы щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэр нобэ мин 40-м нэсащ, абыхэм ящыщуи адыгэбзэр зыщIэр мащIэ дыдэщ (ахэр нэхъыбэу Тыркум е Сирием икIа ди лъэпкъэгъ ухэрщ). Адыгэбзэр хъумэныр зи Iуэхууи, ар джыныр зыгъэнэхъапэуи абыхэм яхэтыр мащIэ дыдэщ икIи гъуэтыгъуейщ. Израилым щыпсэу ди къуэшхэм я дежкIэ дгъэзэжынщи, абы щыIэ адыгэ къуажитIым адыгэбзэр джынымкIэ, ар унагъуэхэми жылагъуэми щызекIуэнымкIэ зи фIыщIэр къэралыр къазэрыдэIэпыкъум и закъуэкъым, атIэ абыхэм я лъэпкъ гупсысэм, зэ хэщIыкIым нэхъ зиужьащ. Ямылъэпкъэгъу благъэ зыхуащIыркъым, адыгэбзэм иримыпсалъэу нэхъыжьми нэхъыщIэми хуадэркъым.

Хэкум щыпсэу адыгэ мин 780-м анэдэлъхубзэр хъумэнымкIэ ди Iуэхухэр щIагъуэ дыдэу пхужыIэнкъым. Япэрауэ, къалэхэм дэс адыгэхэм я бынхэм щыщу адыгэбзэр зыщIэр мащIэ дыдэщ (процент 40), адрейхэм къафIэIуэху къым я быным адыгэбзэ зэрамыщIэр. Ди къуажэхэм адыгэбзэ зымыщIэ цIыкIуи ини дэскъым, ауэ абыхэм яIурылъ анэдэлъхубзэри хэпщIыкIыу ныкъуэ мэхъу, бжыгъэцIэ эр, махуэ-мазэцIэхэр, къызэрыгуэкI псэлъафэхэр куэдым зэрыжаIэр урысыбзэщ. Ари къызыхэкIыр, сызэреплъымкIэ, япэм щыIа адэшхуэ-анэшхуэхэм хуэдэ нэхъыжь жьакIуэхэр, адыгэбзэ куу, къабзэ зыIурылъхэр дызэримыIэжырщ, абыхэм я пIэ къиува иджырей нэхъыжьыIуэхэр урысыбзэкIэ псалъэ телевиденэм, радиом, газетхэм къыщIэхъукIащи, я бзэм щощIэ.

Кавказым лъэпкъ куэд щызекIуащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм, я лъэпкъыцIэхэр къанэри, езыхэр хэкIуэдэжащ. Абыхэм хуэдэу «зэгуэр Какaзым щыпсэуа лъэпкъщ» къытхужаIэу дымыкIуэдыжын щхьэкIэ, ди анэдэлъхубзэм дыхуэсакъын хуейщ. Дэ, нобэрейхэм, ди лIэщIыгъуэм къытлъысыркъым ди зэманым къэса адыгэбзэр тIасхъэ, Iэпэдэгъэлэл тщIыну, ар зэрыкIуэдын гъуэгу тедгъэувэну. Адыгэбзэм и къэкIуэнум игъэпIейтейуэ нобэ Хэкум исыр сфIэмащIэ дыдэщ. Iуэхур хьэлъэ зыщIым щыщщ анэдэлъхубзэр джынымрэ хъумэнымрэ къэрал гулъытэ нэгъэса зэримыгъуэтыр. Илъэс 15 и пэкIэ къэрал программэ къащтэри, абы и процент 11 фIэкIа ямыгъэзэщIауэ зыIэпагъэхужащ. Иджы ар щIэрыщIэу къэтщтэжын хуейщ, жаIэри зэхэсщ. Къэрал программэм унэмыс щIыкIэ, Конституцэм итыр бгъэзэщIэн хуейкъэ? Абы итщ уи къалэцIэхэмрэ къуажэцIэхэмрэ, уэрамыцIэхэмрэ абыхэм тет IуэхущIапIэхэмрэ я цIэхэр къэралыбзэхэмкIэ (п.п., ар Къэбэрдей-Балъкъэрырамэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ) тетын хуейуэ. Апхуэдэу ди зэманым узрихьэлIэр мащIэ дыдэщ. Уи лъэпкъыбзэм гууз-лыуз ухуимыIэмэ, уи анэм щхьэкIэ уи гур мыузу аращ, уи къуэшхэм, уи бынхэм щхьэкIэ уи гур мыузу аращ. Анэдэлъхубзэр зымыщIэр лъэпкъым и быныжкъым, ар лъэпкъым хокIуэдыкI. Иужьрей илъэс 13-м и кIуэцIкIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и закъуэ, яIэщIэхужауэ е псалъэщIэу 300 къыхэтлъхьащ. Бзэм псалъэ къимылъхужмэ, е япэм иIа псалъэхэр къигъэщIэрэщIэжу, мыхьэнэщIэ ириту къимыщтэжу щытмэ, ар мэкIуэдри гъуэгу тетщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ анэдэлъхубзэр хъумэным теухуауэ езыр зи унафэщI комитетым нэгъабэ программэ къыхилъхьауэ зэрыщытар икIи ар къэгъэщIэрэщIэжауэ аргуэру зэ Исполкомым и пащхьэ кърилъхьэжащ. Мухьэмэд тегъэчыныхьауэ жиIащ а программэм къыщыгъэлъэгъуахэр дымыгъэзащIэмэ, адыгэбзэр зыхуэкIуэнкIэ хъунур. ХьэфIыцIэм къызэрилъытэмкIэ, япэ дыдэ бзэм теухуауэ гузэвэн хуейр хамэ къэрал щыIэ адыгэхэращ икIи абы папщIэ зи чэзу дунейпсо адыгэбзэ щIэныгъэ конференцыр Iэпэдэгъэлэл ямыщIу, мы гъэм нэхъ фIэмыкIыу Тыркум щрагъэкIуэкIыпхъэщ.

ДАХ-м и япэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIахэм къыпищэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Тыркум щыIэ KAF-FED зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Гугъэв Джихьан** .

- Иорданым щекIуэкIа зэIущIэшхуэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, адыгэбзэр хъумэнымрэ джынымрэ теухуа щIэныгъэ конференцыр илъэситI къэс зэ едгъэкIуэкIыну дызэгурыIуат, зи чэзу зэхыхьэр Тыркум щызэхэтшэнуи ди мурадат, - жиIащ Гугъэв Джихьан. - ЩхьэусыгъуэфIэкIыпIэншэхэр къытрихьэри, ар нэгъабэ Тыркум къыщытхузэгъэпэщакъым. Мы гъэм жэпуэгъуэ мазэм а щIэныгъэ зэхыхьэр зэхэтшэну ди гугъэщ, абы зыхудогъэхьэзыр. Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Жэмыфэ Гъазий Тыркум къэкIуауэ дызэрыIущIэрэ куэд щIакъым, апхуэдэу а Iуэхур зыхуей хуэзэу зэфIэгъэкIынымкIэ дэ дыдолажьэ «Росзарубежцентр»-кIэ зэджэ Урысей къулыкъущIапIэм.

Адыгэбзэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ теухуауэ зэIущIэм апхуэдэу къыщыпсэлъащ **КIэрмыт Мухьдин, МэшхуэфI Нэждэт, Къущхьэ Догъэн** сымэ. КIэрмыт Мухьдин жиIащ конференцым текIуадэ мылъкур «Росзарубежцентр» агентствэм и пщэ зэрыдилъхьэжымкIэ зэгурыIуэныгъэхэм Iэ зэрытрадзар, 2012 гъэм зи гугъу ящIым къыпызыщэ адыгэбзэ щIэныгъэ зэхыхьэр Сирием щрагъэкIуэкIыну зэрытраухуэр а программэм зэрыхэтыр, абы къищынэмыщIауэ адыгэбзэ зымыщIэ ди лъэпкъэгъухэм ар зэрырагъэщIэ тхылъ Мейкъуапэ дэт филологие институтым (Бырсыр Батырбий зи унафэщIым) зэрыщагъэхьэзырыр, ар Хэкум къэкIуэжыну хуейхэм куэду къазэрыхуэщхьэпэнур. МэшхуэфI Нэждэт къыхигъэщащ адыгэбзэр егъэджыным текIуадэ сыхьэт бжыгъэр къэрал унафэкIэ ягъэмащIэурэ тхьэмахуэм зы сыхьэт фIэкIа (ар адыгэбзэри адыгэ литературэри джыным хуэзэу) ямыIэу Адыгейм и курыт еджапIэхэм зэрыщынагъэсам хуабжьу зэригъэпIейтейр. Апхуэдэ къэрал бгъэдыхьэкIэ фIэкIа худимыIэу адыгэбзэр Хэкум дежи щыпхъумэныр кIуэ пэтми нэхъ хьэлъэ зэрыхъур, щытыкIэр щIэныгъэ конференц ебгъэкIуэкIкIэ къыпхуемыгъэлынкIэ зэрыхъунум зэрыригузавэри жиIащ МэшхуэфIым.

Зытепсэлъыхьахэм япкъ иткIэ, Гугъэв Джихьанрэ Къущхьэ Догъэнрэ къыхалъхьащ ди анэдэлъхубзэр тхъумэжынымкIэ ЮНЕСКО-м дэлэжьэн, адыгэбзэр кIуэдынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм и хъыбар а жылагъуэ зэгухьэныгъэм егъэщIэн хуейуэ. ДАХ-м и япэ вице-президент, адыгэбзэр хъумэнымрэ зыуэ щыт адыгэ алыфбей гъэпсынымкIэ комитетым и пашэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьащ адыгэбзэр Хэкуми хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я дежи щыхъумэным теухуа программэ щхьэхуэ езыр зи унафэщI комитетым къищтэн хуейуэ, апхуэдэ иджыри къэс зэрыщымыIари, къэралым къищта программэр зэрымылажьэри жиIащ.

Зи гугъу ящI Iуэхугъуэхэм теухуауэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я еплъыкIэхэр къаIуэта нэужь, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым унафэ къищтащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж адыгэбзэр щыхъумэнымрэ щегъэджынымрэ теухуа дунейпсо щIэныгъэ конференцхэр егъэкIуэкIын Iуэхухэм пащэну, абы ипкъ иткIэ зэ хуэсхэр дызэрыт гъэм щегъэжьауэ илъэс зэкIэлъыкIуэхэм Тыркум, Израилым, Сирием щрагъэкIуэкIыну, Анэдэлъхубзэр джынымрэ адыгэ лIакъуэ псоми я зэхуэдэ алыфбей зэхэлъхьэнымкIэ ДАХ-м и Комитетым къыхилъхьа и лэжьыгъэ гъэпсыкIэр (планыр) къащтэну, зыуэ щыт адыгэ литературэбзэ зэфIэгъэувэн Iуэхум епха зэIущIэ бзэ щIэныгъэлIхэм драгъэкIуэкIыну.

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупыр къыкIэлъыкIуэу зыхэплъа Iуэхугъуэр теухуат Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къэшэжынымкIэ ДАХ-м и Комитетым и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым. Абы теухуауэ къэпсэлъащ комитетым и унафэщI **ГубэщIыкI Владимир**.

- Нэгъабэ накъыгъэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «Хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм я Iуэху эхукIэ Урысей Федерацэм и къэрал политикэм теухуауэ» («О государственной политике Российской Федерации в отношении соотечественников за рубежом») федеральнэ законым, - жиIащ ГубэщIыкI Владимир. - Абы куэдкIэ нэхъ тынш, нэхъ тегушхуэгъуафIэ ищIащ Хэкум къэкIуэжыну хуей ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхур. Дэри а зэхъуэкIыныгъэхэр ди комитетым къищтауэ щыта программэм хэтлъхьэжри, ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм ялъэдгъэIэсащ. Хамэ къэралхэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэми захуэдгъэзат къэкIуэжыну хуейхэм я цIэунэцIэхэр, цIыху бжыгъэр, я IэщIагъэ-щIэныгъэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъымпIэхэр нэгъабэ илъэсым и кIэм ирихьэлIэу къыдатыну, арщхьэкIэ зыми зыри къытхуитхакъым абы и IуэхукIэ. Абы къегъэлъагъуэ ди лэжьэкIэр телефон зэIыхьам зэрещхьыр: зы лъэныкъуэмкIэ щыжаIэр адрей лъэныкъуэмкIэ щызэхахыркъым, зэхахми, нэгъэсауэ къагурыIуэркъым. Апху эдэу дызэхэтмэ, Iуэху пыухыкIа длэжьын дэнэ къэна, зы лъэбакъуи тхуэчынукъым.

ГубэщIыкIым къыхигъэщащ законым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм хэхэс адыгэхэр Хэкум къэшэжынымкIэ IэмалыщIэхэр къызэрызэIуихыр, ахэр лъэпкъым и фейдэ хэлъу къытхуэгъэсэбэпыныр ди дежкIэ куэд зэриуасэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, къэкIуэжхэм Iэмал имыIэу урысыбзэ ящIэн хуейуэ зэрыщытам и пIэкIэ иджы адыгэбзэр (пэжщ, ар законым къызэрыщыгъэлъэгъуар «Урысейм и щIыналъэхэм щызекIуэ къэралыбзэхэм ящыщ» жиIэущ) ящIэмэ, ирикъуну зэрыщытыр, «хэкуэгъуу» (соотечественникыу) илъытэм адыгэхэр зэрыхабжар, нэгъуэщIхэри. Ахэр узыщыгуфIыкI хъун лъэбакъуэшхуэщ.

КъаIэта Iуэхугъуэм хуаIэ еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуащ, къэкIуэжыну хуейхэм я Iуэху щIызэфIэмыхьэм, абыхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIэхъуам, абы пыщIауэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэхэм щызэфIагъэкIхэм тепсэлъыхьащ **Бэгъущэ Iэдэм, Гугъэв Джихьан, Бырсекъуэ Орфан, Тохъу Iумит, Едыдж Мэмэт** сымэ. **Къуэдзокъуэ Анатолэ** къызэхуэсахэм иджыри зэ захуигъэзащ Хэкум къэкIуэжыну хуейхэм ятеухуа информацэ ДАХ-м и IуэхущIапIэм ягъэува пIалъэм ирихьэлIэу къатыну.

ГубэщIыкI Владимир жиIам едаIуэу абы тепсэлъыхьыжа нэужь, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым унафэ къищтащ Хэкум къэкIуэжыну хуейхэм ятеухуа хъыбар ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым IэрыгъэхьэнымкIэ хамэ къэралхэм щыIэ Адыгэ Хасэ тхьэмадэхэр еужьэрэкIыну, а Iуэхум къэрикIуахэм гъэ къэс щэкIуэгъуэ (ноябрь) мазэм фIэмыкIыу ДАХ-м и ГъэзащIакIуэ гупыр щагъэгъуэзэну, 2010 гъэм накъыгъэм и 8-м ГъэзэщIакIуэ гупым къищта унафэмрэ 2010 гъэм фокIадэм и 26-м абы хуищIыжа хэлъхьэныгъэхэмрэ гъэзэщIэным пыщIа Iуэхугъуэх эр ДАХ-м и нэIэм щIэ ту лажьэ Адыгэ Хасэхэм щIагъэпсынщIэну, абы ипкъ ит хъыбархэр ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и чэзум Iэрагъэхьэну. Хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къэшэжыныр нэхъ тынш икIи псынщIэ хъун папщIэ, иджырей хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпыну, Урысейм и хабзэубзыху IэнатIэм къыхилъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ таможнэ, налог IуэхущIапIэхэм къащтэ хабзэщIэхэмрэ теухуа хъыбархэр хамэщIым щыпсэу адыгэхэм нэхъ щIэхыу Iэрагъэхьэну зэIущIэм хэтахэр зэгурыIуащ.

АдэкIэ ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупыр тепсэлъыхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрыунэхурэ илъэс 20 щрикъу махуэр зэрагъэлъэпIэну щIыкIэм. Абы теухуауэ къэпсэлъащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Ажахъуэ Къанщобий**.

- 2011 гъэм, накъыгъэм (майм) и 19-м илъэс 20 ирокъу Дунейпсо Адыгэ Хасэ къызэгъэпэщыным и унафэр Налшык щекIуэкIа Япэ Адыгэ Конгрессым къызэрыщащтэрэ, - жиIащ тхьэмадэм. - А Iуэхур нэ хъыфIу, нэхъ дахэу, нэхъ Iэтауэ зэредгъэкIуэкIынымкIэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр дызэхуэзэри дызэчэнджэщащ, фи еплъыкIэ къыхэфлъхьэнуи тхыгъэкIэ зыфхуэдгъэзауэ щытащ. Абы кърикIуахэр зэхэтлъхьэжри, план дгъэпсауэ нобэ фи пащхьэ идолъхьэри, иджыри зэ зэгъусэу дыхэвгъаплъэ, девгъэгупсыс.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр илъэс 20 зэрырикъум и щIыхькIэ егъэкIуэкIыпхъэхэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэм щыщу Ажахъуэ Къанщобий къыхигъэщащ ДАХ-м и лэжьыгъэр къэзыгъэнаIуэ документхэр щызэхуэхьэса сборникрэ (абыкIэ жэуап зыхьыр ДАХ-м и президентым и чэнджэщэгъу, профессор Дзэмыхь Къасболэтщ) «Адыгэхэр» справочник (елэжьыр тхыдэтх Хъуэткъуэ Самирщ), ДАХ-м и Конгрессхэм теухуа тхылъ (зыгъэхьэзырыр Ширдий Маринэщ) къыдэгъэкIын, «Архивы и общество» журналым, «Нарт» газетым я къыдэкIыгъуэ щхьэхуэу а Iуэхум тегъэпсыхьахэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа Конгрессхэм я материалхэмкIэ зэхэгъэува телефильмрэ гъэхьэзырын, ДАХ-м и тхыдэр къызэрыщ фотогъэлъэгъуэныгъэхэр гъэувын, абы пыщIауэ гу зылъытапхъэ нэгъуэщI Iуэхухэри зэфIэхын зэрыхуейр.

Ажахъуэ Къанщобий жиIам едэIуа, тепсэлъыхьа нэужь, ДАХ-м хыхьэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ хэу Урысейми хамэ къэралхэми щыIэхэм я унафэщIхэм къыхалъхьа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, махуэшхуэр а щIыкIэм тету ягъэлъэпIэну къызэдащтащ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм. Зи гугъу ящIым теухуа хъыбару МэшхуэфI Нэждэт зэIущIэм хэтхэм яжриIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр илъэс 20 зэрырикъум иращIэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэ гъатхэпэм и 25-м Германием щыIэ Адыгэ Хасэм зэрыригъэкIуэкIынур. Гу зылъытапхъэхэм ящыщу планым щIагъуужам хагъэхьащ МэшхуэфIым и IэдакъэщIэкIыу иджыблагъэ тыркубзэкIэ Анкара къыщыдэкIа тхылъым щыщ Iыхьэхэр зэрадзэкIыу, юбилейм ирихьэ лIэу къыдагъэкIыну, «Нарт» газетым гу эдзэн х уащIыну.

АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м и Къэрал архивым иджырей тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Ащхъуэт Раисэ**. Абы жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм илъэс 20-м къриубыдэу илэжьахэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр, абы и Iуэхузехьэу щытахэм ятеухуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ къэкIуэну щIэблэмрэ зэманымрэ хуахъумэн мурадкIэ, абы къищынэмыщIауэ адыгэм и IуэхукIэ хамэ къэралхэми Урысейм адыгэ щыпсэу и адрей щIыналъэхэми щыIэ тхыдэ документхэри (е копиехэр) зэхуахьэсыжыным зэрелэжьыр икIи къызэхуэсахэм лъэIукIэ захуигъэзащ а Iуэхум псоми я зэфIэкI халъхьэну.

КъыкIэлъыкIуэу ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупыр хэплъащ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ щагъэлъапIэ илъэсыр адыгэ дунейм щыублэным и IуэхукIэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** къыхилъхьам. Адыгэ Республикэм, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр мы гъэм накъыгъэм и 28-м илъэс 80 зэрырикъум, абы хуэфащэ пщIэ хуэщIын зэрыхуейм теухуауэ ХьэфIыцIэм жиIам едэIуа, тепсэлъыхьа нэужь, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым унафэ къищтащ 2011 гъэр МэшбащIэ Исхьэкъ щагъэлъапIэ илъэсу адыгэ дунейм щагъэувыну икIи Анэдэлъхубзэр джынымрэ адыгэ лIакъуэ псоми я зэхуэдэ алыфбей зэхэлъхьэнымкIэ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и Комитетым абы пыщIа Iуэхугъуэхэр Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми зэрыщрагъэкIуэкIыну щIыкIэр ягъэпсыну пщэрылъ щащIащ.

Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным пыщIа Iуэху къиинхэм (проблемэхэм) теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ **Гугъэв Джихьанрэ Къуэдзокъуэ Анатолэрэ**. Абыхэм зи гугъу ящIахэр къилъытауэ, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым Сириемрэ Иорданиемрэ щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэм, Тыркум и KAF-FED-м къалэн ящищIащ Хэкум еджакIуэ къэкIуэну хуейхэм ятеухуа хъыбарымрэ я дэфтэрхэмрэ пIалъэр имыкIыу (гъэ еджэгъуэ къэс гъатхэкIэм нэмысу) къатыну. Абы къыдэкIуэу ЩэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымрэ туризмымкIэ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и комитетым хэтхэм я пщэ далъхьащ хамэ къэралхэм щыщ адыгэ щIалэгъуалэр КъБР-мрэ АР-мрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщеджэмрэ зыхуагъасэмрэ кIэлъыплъыну.

ДАХ-м и Iуэх узехьэ гупыр а махуэм зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм щыщт адыгэхэр зэрызэджэжымрэ нэгъуэщIхэр къызэреджэмрэ япкъ иткIэ лъэпкъыцIэр зыуэ къызэдэщтэным теухуар. АбыкIэ къэпсэлъащ ГъэзэщIакIуэ гупым хэт **Бэгъущэ Iэдэм** (Мейкъуапэ къ.). АдыгэбзэкIэ «адыгэ», урысыбзэрэ нэгъуэщIыбзэхэмкIэ «черкес» жиIэу лъэпкъыцIэр къэдгъэлъэгъуэныр нэхъ пэжу къыщIилъытэм тегъэщIапIэ хуэхъу гупсысэхэр, цIыхухэм драгъэкIуэкIа псалъэмакъхэм кърикIуахэр къызэщIиубыдэу Бэгъущэр къэпсэлъа нэужь, Iуэху еплъыкIэ зэпэщIэуэхэр утыку кърахьэу **ГубэщIыкI Владимир, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Ажахъуэ Къанщобий, КIэрмыт Мухьдин, Къущхьэ Догъэн, Едыдж Мэмэт** сымэ абы жиIам тепсэлъыхьа нэужь, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупыр (нэхъыбэр арэзыуэ, гуитIщхьитIу зы цIыху, мыарэзыуэ зы цIыху) а Iуэхум зэрыбгъэдыхьэр къыщыгъэлъэгъуа и еплъыкIэр къигъэнэIуащ: лъэпкъыцIэр адыгэбзэкIэ «адыгэщ», хамэбзэкIэ «черкесщ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ жылагъуэ щытыкIэр иужьрей мазэ зыбжанэм нэхъ хьэлъэ, къэхъукъащIэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам иригузавэу, а Iуэх ум щхьэх уэу тепсэлъыхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэхузехьэхэр икIи зэгурыIуащ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэми щIыналъэм щыпсэу цIыхубэми Зэрызыхуагъазэ джэпсалъэ къащтэну зэгурыIуащ икIи ар зэфIахын папщIэ ДАХ-м и Iуэхузехьэхэм щыщ редакцэ гуп (ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Ныбэжь Таисэ, ГубэщIыкI Владимир) къыхахащ. Абы къыдэкIуэу ГъэзэщIакIуэ гупым къищтащ террористхэм гуузу яIэщIэкIуэда адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ, этнограф цIэрыIуэ, профессор ЦIыпIынэ Аслъэн и фэеплъу къызэгъэпэщыпхъэ Iуэхугъуэхэм (зэпеуэ, грант хуэдэхэр) теухуа унафэр.

Зэрызыхуагъазэм итын хуейуэ зэIущIэм хэтахэм къагъэлъэгъуащ террорым нэлат ехын зэрыхуейр, апхуэдэ щIэпхъаджэ зылэжьхэр дин Iуэху зэрыхэмытыр, ислъамым игъэхьэрэма Iуэхугъуэхэр абыхэм зэралэжьыр, лъэпкъыр ягъэшынэну, яужьыгуну террористхэр зэрыхущIэкъум дыпэщIэтын зэрыхуейр, абыхэм апхуэдэ Iэмал етын зэрыхуэмейр, террор зыщIар дгъэикIэу, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэми апхуэдэ Iуэху щIэпхъаджэм зэрызыщIамыгъакъуэр. А Зэрызыхуагъазэм ещхь лъабжьэ иIэу ДАХ-м къыбгъэдэкI тхыгъи къащтэ хъуну щыжаIащ зэIущIэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.



Ажахъуэ Къанщобий *(Налшык)*

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд *(Налшык)*

Хеймащэ Орхьан *(Истамбыл)*



Гугъэв Джихьан *(Анкара)*

ГубэщIыкI Владимир *(Налшык)*

Ныбэжь Таисэ *(Налшык)*

Къущхьэ Догъэнрэ Тохъу Iумитрэ *(Истамбыл).*

ДАХ-м и къэпщытакIуэ гупым хэтхэу МэшхуэфI Нэждэтрэ Ацкъан Русланрэ.

Адыгейм и лIыкIуэхэр *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ):* КIэрмыт Мухьдин, Едыдж Мэмэт, Бэгъущэ Iэ дэм *(Мейкъуапэ).*

Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыкIуэх эр: Тэмазэ Анатолэрэ *(Черкесск)* Аслъэн Алийрэ *(Адыгэ-Хьэблэ къу.).*

ДАХ-м и Хасащхьэм и лэжьыгъэм кърихьэлIащ Уэхъутэ Александррэ *(ижьымкIэ щысщ)* Сэбаншы Назмирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ДифI догъэлъапIэ

Хьэчимрэ Марузрэ я сабийхэр щыщIыкIуам трахащ.

Унагъуэ насыпыфIэ

ФIыуэ слъагъу, илъэс куэд хъуауэ си ныбжьэгъуфI «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу, зи гугъу фхуэсщIыну сызыхуейр гуапагъэр щыкуэд зы унагъуэщ - Къэрмокъуэхэ Хьэчимрэ Марузрэ я жьауэм щIэтырщ.

МЫ ЗЭМАНЫМ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдрэ урохьэлIэ нэхъыжьым пщIэ хуамыщIыжу, нысэр гуащэ, гуащэр нысэ пэлъытэ хъуауэ. Апхуэдэ хъыбархэр щызэхэпхкIэ, ди лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэр къэсауэ пIэрэ, жыпIэу уогузавэ, нэмыси тхэмылъыжу къызэрыщIэкIым уи гукъыдэжыр екъутэ. Ауэ псори зы къупхъэу къапщтэ хъунукъым, щыIэщ иджыри адыгэ хабзэжьыр зэрылъ унагъуэхэр, зыдэс жылэм щапхъэ яхуэхъухэр. Апхуэдэщ Зеикъуэ къуажэ псом фIыкIэ зи цIэр къраIуэ, зи сабий гъэсэкIэр я щапхъэ Къэрмокъуэхэ.

Хьэчимрэ и къуэш нэхъыщIэ Артуррэ зы пщIантIэм дэсу жыпIэ хъунущ, кууэтI я зэхуакум дэмыту мэпсэухэр. Хьэблэм дэсхэм жаIэ абыхэм я ныбжьым иту апхуэдэу фIыуэ зэрылъагъуу, зэгурыIуэ иджыпсту зэрымащIэ дыдэр. Уеблэмэ я бынхэр зэхэгъэкIыгъуейщ, апхуэдизкIэ зы унагъуэм хуэдэу зэхэсщи. Зэнысэгъухэу Марузрэ Мадинэрэ я гуащэ Iэминат (Блац) дунейм ехыжащ, ахърэт нэху Тхьэм кърит. Ар и нысэхэм зэрыхуэарэзам фIэкIа хэмылъми, а тIум гъащIэм гъуэгу щаIэнщ. «Сипхъухэми Iэджэ къысхуащIэ, сыкъалъагъу, ауэ си гур зыгъэзагъэр Марузрэ Мадинэрэщ. Абыхэм зыми сытрагъэхьэлъэркъым», - жиIэрт Iэминат. «Ди ныситIыр мыхъуамэ, апхуэдэ тыншыгъуэ ди анэм иIэнтэкъым. Насыпышхуэр къыдэуэлIат ди дэлъхухэм апхуэдэ бзылъхугъэ гъусэ къащыхуэхъуам», - жеIэ я пщыпхъу Светэ. Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр къыпхужаIэныр уасэншэкъэ, къыпхуэмыщэхун мылъкукъэ?!

«Си анэр сызэримыIэжрэ куэд щIами, къэзылъхуар зыщхьэщытым зэи сригъэхъуэпсакъым нанэ, ипхъухэм хуэдэу сыкъилъэгъуащ. Сытыт сэ абы фIыуэ сыщIыхущымытынур?! - жеIэ Маруз. - Си гуащэм дэслъагъу IэфIагъ псори гъэбэгъуауэ естыжарэт жысIэрт, и нэмысымрэ и щIыхьымрэ зэрысхъумэным, и жыIэм сызэрыфIэмыкIыным сытым дежи яужь ситт, си чэндж эщэгъуфIт». Езы Iэминатти, жиIэмкIэ зимыгъэнщIут и нысэм зэрыщытхъур. «Уэрам нысэ сиIэкъым, тIури Тхьэм узэрелъэIунщ, зы гуэныхь сэркIэ къахьауэ ятелъкъым», - жиIэрейт абы.

Хьэчимрэ Марузрэ Зеикъуэ дэта шэ заводышхуэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ, IэщIагъэлI псоми пщIэ къыхуащIу. Дунейр зэхэзэрыхьу заводыр къыщыувыIэм, я бынхэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум хыхьащ. Псапэ зыщIэну хуейм сытым дежи Iэмал къегъуэт, Хьэчимрэ Марузри апхуэдэщ. Къагъэхьэрычэт ахъшэм нэхъ рэ нэхъыбэ и уасэ я мылъкум хамытыкIыу уи фIэщ мыхъуу апхуэдэщ ахэр. Я бынхэм абы ифI Тхьэм къаригъэкI.

Къэрмокъуэхэ я щIалитIымрэ хъыджэбзымрэ узэхъуэпсэн защIэщ, унагъуэ дахэ яухуащ. ЩIалитIми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, ахэр Налшык щолажьэ. Къазбэч къалащхьэм щопсэу, Албэч и адэ-анэм ябгъэдэсщ. Оксанэ Жылаухэ я нысэщ. Ар и IэщIагъэкIэ хирургщ, Зеикъуэ поликлиникэм щолажьэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, зэанэкъилъхухэр зэгурыIуэу, сыт хуэдэ Iуэхум кIи зэрыщIэу мэпсэу, щIэхщIэхыурэ я адэ-анэм деж щызэхуосыжри ягъэгуфIэ, Хьэчимрэ Марузрэ зыхуэфI зыхуэныкъуэхэм ахэр сытым дежи щыгъуазэщ.

Маруз и гуащэм хуищIа пщIэр кIуэдакъым. Езыр Iэминат зэрыхущытар и ниситIым я деж щегъуэтыж. Ахэр гуапэщ, губзыгъэщ, псэуакIуэщ. «Псалъэм псалъэ къешэ, узэпсалъэрэ уи гур зэщыкIауэ, узэмыплъыжыфу укъанэ нэхърэ, узэхуэгуапэмэ, узэкъуэтмэ нэхъыфIкъэ! Абы сэри си нысэхэри дыкъызэрытемыкIыным яужь дитщ», - жеIэ Маруз. Нысэхэри Iущу къыщIэкIащ: я гуащэм и гуапагъэр, и бэшэчагъэр ялъагъури, абы доплъей, фIыщIэ хуащI.

Гугъ уехь гуэр зэрымылъ унагъуэ щыIэу фIэщ щIыгъуейщ. Ауэ мис абыхэм пэлъэщу, гукъыдэжымрэ гушыIэмрэ я Iэпэгъуу мэпсэу Къэрмокъуэхэ. Мыпхуэдэ цIыхуфIхэр, гуащIафIэхэр щыпсэу жылагъуэм нэхърэ нэхъ къулей щымыIэу жыпIэ хъунущи, апхуэдэхэр куэду диIэну си гуапэщ.

ШУРДЫМ Ленэ.
Зеикъуэ къуажэ.

● ТхылъыщIэ

Анэдэлъхубзэм и IэфIыр

«Эльбрус» тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ КIуащ БетIал и усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъыщIэ. Ар «Школ библиотекэ» серием хэту дунейм къытехьащ, и бжыгъэкIэ мин мэхъу.

АДЫГЭ усакIуэ щэджащэр гъащIэ мащIэт, ауэ, тхылъым пэублэ псалъэ хуэзытха Къэрмокъуэ Хьэмид зэрыжиIэмкIэ, КIуащым хузэфIэкIам тепщIыхьмэ, абы и усэхэри, и цIэри, и щIыхьри ди тхыдэм, лъэпкъ щэнхабзэм уахътыншэу къыхэнащ. Анэдэлъхубзэм и IэфIыр и псэ къабзэмкIэ нэсу зыхэзыщIа, щалъхуа щIыналъэм и зыузэщIыныгъэм зи къарури гъащIэри тыхь хуэзыщIа БетIал и къалэмыпэм къыпыкIащ езым пкърыта хэкупсэ лъагъуныгъэр къызыхэщ тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщ куэд итщ мы тхылъым. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Си Хэку», «СфIэфIкъым, хуейми ирепсэу…», «Iуащхьэмахуэ», «ЩоджэнцIыкIу Алий», нэгъуэщIхэри. Тхылъым ихуащ КIуащым и «ДжонитI», «Нэху» поэмэхэри.

Тхылъыр яхуэгъэпсащ КIуащ БетIал и гъащIэмрэ творческэ гъуэгуанэмрэ дихьэххэм, абы и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэм, лъэпкъ усыгъэр зи псэм дыхьэ псоми.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Спорт хъыбархэр

Атлетикэ хьэлъэ

Савчук Ксение ещанэщ

Атлетикэ хьэлъэмкIэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ Новочебоксарск щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ илъэс 18 ныбжьым нэс щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменкэ Савчук Ксение а зэпеуэм дыжьын медаль къыщихьащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, ди лъахэгъу Лефлер Артем зэпеуэм етхуанэ увыпIэр къыщихьащ. Спортсменхэр и гъэсэнщ тренер Шэкэм Виктор. Дунейпсо категорие зиIэ судьяхэу Настуев Хьэжмуратрэ Дэщ Анатолийрэ фIыщIэ тхылъхэр къаIэрыхьащ.

Зэпеуэм къыщыхахащ мы гъэм мэкъуауэгъуэм Перу щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтынухэр.

IэпщэрыбанэМосква щытокIуэ

Москва щытокIуэ

Урысейм и ЛIыхъужь, Урысей МВД-м и КъэралкIуэцIыдзэхэм я генерал-полковник Романовым и саугъэтхэр къэхьыным теухуа Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ Урысей Кубокым и 15-нэ зэхьэзэхуэ Москва дэт «Динамо» спорт комплексым щекIуэкIащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я командэ 43-рэ, псори зэхэту спортсмен 236-рэ. КъБР-м и лыкIуэхэр 9 хъурти, абыхэм ящыщу ещанэ увыпIэхэр къахьащ Шепелевэ Зурьятрэ Тхьэкъуахъуэ Мартинрэ. Ахэр я гъэсэнщ тренерхэу Мамхэгъ Хьэчимрэ Дыджэ Алимрэ.

Алыдж-урым бэнэкIэ

Дамыгъэ лIэужьыгъуэ псори

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ КИФЩI-м пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ Мэхъэчкъалэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ 1994 - 1995 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр. Дагъыстаным щызэхуэса бэнакIуэ 237-м яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу 35-рэ.

КИЛОГРАММ 54-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбэнахэм дыщэ медаль къыщихьащ Iуащхьэмахуэ куейм Олимп резервхэр щагъэхьэзыр и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэн Локьяев Жамболэт.

Щыбэна хьэлъагъым елъытауэ етIуанэ увыпIэхэр къахьащ Тэрчокъуэ Тимур, Алимыкъуэ Мухьэмэд, Чеченов Озир, Моллаев Елдар сымэ. Калмыкъ Ислъам, Кульчаев Рустам, Бэрэгъун Астемыр, Отаров Мустафир, ШыдукI Аданбэч, Гекиев Залым, Джаппуев Жунус сымэ дыжьын медалхэр къахьащ.

Ди бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэр дагуэшащ тренерхэу Локьяев Юрэ, Бижо Валерэ, Абазэ Тимур, Къэрэгъул Анзор, Узденов Аскэр, Лыкъуэжь Анзор, Очибаев Мустафа, Этезов Ибрэхьим, Хаппаев Аслъэн сымэ.

КъыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэр къапоплъэ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

● Май куей

Сабий зэчиифIэхэм папщIэ

Май куейм ЕгъэджэныгъэмкIэ и щIыналъэ цIыхубэ советым и жэрдэмкIэ, гулъытэ хэха хуащIынущ сабий зэчиифIэхэм ядэлэжьэным.

МЫ IУЭХУР ткIийуэ къыщIыхалъхьам щхьэусыгъуэ хуэхъуащ егъэджэныгъэмкIэ куей управленэм и методкабинетым иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм сэтей къащIахэр. Май районым къыщызэрагъэпэща «Альфа» цIыхубэ зэгухьэныгъэм, къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр егъэкIуэкIыным хуэлажьэм, къекIуалIэ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ я бжыгъэр цIыху 600-м фIыуэ щхьэдэхащ. Ар мащIэкъым, ауэ щIыналъэ олимпиадэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, сабийхэм я щIэныгъэр бэлыхьлажьэу ефIэкIуауэ пхужыIэнукъым. Абы и щыхьэтщ япэ увыпIэхэр къэзыхьа къазэрыхэмыкIар.

Зи гугъу тщIа советым иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ сабийхэм я къэухьым нэхъри зегъэужьыным зэран хуэхъу щхьэусыгъуэхэм кууэ щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Абы къызэрыщыхагъэщамкIэ, «Сабий зэчиифIэ», «Ди еджапIэщIэ» программэхэм япкъ иткIэ, лэжьыгъэшхуэ егъэкIуэкIын хуейщ, а къалэнхэр гъэзэщIэным къаруушхуи хузэщIэгъэуIуапхъэщ.

Зэхуэсым къыщащтащ Iуэхур егъэфIэкIуэным теухуа унафэхэр, куейм и егъэджакIуэ пажэхэм къыхалъхьа жэрдэмхэми тепсэлъыхьащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Япэ игъэщыпхъэр къабзагъэрщ

IУАЩХЬЭМАХУЭ куейм хиубыдэ Камук жылагъуэм щыпсэухэр къабзагъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм хуэбэлэрыгъыркъым. Вольфрамымрэ молибденымрэ къыщыщIах щIыпIэм и хъуреягъкIэ къетIысэкIауэ щыта къуажэ цIыкIум мы зэманым зэхуэмыхъуныгъэхэри и мащIэкъым. Апхуэдэу щытми, дэтхэнэ зы къуажэдэсри хущIокъу я къуршылъэ щIыпIэ дахэр къабзэу зэрызэрихьэнымрэ я псэукIэр зэрыригъэфIэкIуэнымрэ.

Псом хуэмыдэу фIыщIэ яхуэфащэщ къабзагъэм кIэлъыплъыныр къалэн зыщызыщIыжа нэхъыжьхэм. Къапщтэмэ, абыхэм иджыблагъэ жылагъуэм дэт кхъэр зыхуей хуагъэзащ, жэнэзым къыхуагъэсэбэп хьэпшыпхэр щахъумэу абы дэт унэр зэрахьащ.

Нэхъыжьхэм зэрыжаIэмкIэ, иджыпстукIэ яхузэфIэкIыр ящIащ, гъатхэ дызэрытехьэу Iэгъуэблагъэр зэтес ящIынущ. Ауэ ягу къеуэу тепсэлъыхьахэщ жылэ цIыкIур зыщыгугъ кхъэр тэмэму къызэрымыхухьам. Илъэс куэд и пэкIэ ар къызэрагъэувыхьауэ щыта пхъэ зэIулIахэри лъэлъащ. Нэхъыжьхэм я «бригадэм» зэрыхъукIэ ахэри игъэбыдащ, зэман кIыхь зэрамыхьынур ящIэ пэтми. Апхуэдэу зыхуей хуэгъэзапхъэщ а щIыпIэм екIуалIэ гъуэгумрэ дыхьэпIэмри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

БАЙЗУЛАЕВ Алий Лэкъумэн и къуэр



Куэдрэ хьэлъэу сымэджа иужь дунейм ехыжащ балъкъэр усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт Байзулаев Алий Лэкъумэн и къуэр.

Байзулаев Алий 1939 гъэм гъатхэпэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тырныауз къалэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, КъБКъУ-м, Москва Горький М. и цIэр зэрихьэу дэт литературэ институтым щеджащ.

Абы и ныбжьыр илъэс 14-м иту лэжьэн щIидзащ. Трактористым, комбайнерым я дэIэпыкъуэгъуу, ухуакIуэу щытащ. Еджэн иухри Байзулаев Алий Тырныауз къалэ газетым, «Коммунизмге жол» республикэ газетым, телевиденэм и студием, «Нюр» сабий журналым и редакцэм щылэжьащ.

Байзулаев Алий школым щIэсу тхэн щIидзащ, блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм щегъэжьауэ литературэм и IэнатIэм жыджэру пэрытащ. А зэманым къриубыдэу абы усэу, поэмэу, рассказу, таурыхъыу, статьяуэ, нэгъуэщI жанрхэм хиубыдэ тхыгъэу куэд и Iэдакъэм къыщIэкIащ. Щэнхабзэм и фэеплъ мыкIуэдыжынхэу КъурIэнымрэ «Слово о полку Игореве» тхыгъэмрэ дахьэхри, ахэр анэдэлъхубзэкIэ зэридзэкIащ. Пасэрей урыс литературэм и фэеплъ гъуэзэджэм теухуауэ абы итха монографие щхьэхуэм а поэмэм мыIупщIу хэт щIыпIэхэмрэ балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ я хъыбархэмрэ щызэригъэпщащ. Байзулаев Алий а и къэхутэныгъэм гу къылъатащ мы Iуэхум елэжь IэщIагъэлI нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм. Абы и щыхьэтщ ар поэмэ мыкIуэдыжынур илъэс 800 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ щыта дунейпсо конференцым зэрырагъэблэгъар.

Байзулаев Алий и «Къаяла» («Къырхэр») япэ усэ тхылъыр 1971 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса «Губгъуэ жыжьэ», «Вагъуэ хъушэхэр», «Жыг закъуэ», «Зэманым и шэрхъ» тхылъхэр, щIэныгъэ-фантастикэ повесть, «Русь и поле» тхылъыр.

Литературэм и унэтIыныгъэ куэдым хуэIэзэ Байзулаев Алий балъкъэр поэзием зригъэужьащ усэ зэхэлъхьэкIэщIэмкIэ, купщIэ нэс зиIэ нэгъуэщI тхыгъэхэмкIэ. Абыхэм художественнэ къаруушхуэ яхэлъщ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм зиужьынымкIэ дяпэкIи сэбэп хъунущ. Байзулаев Алий апхуэдэу икъукIэ дихьэхыу сабийхэм папщIэ тхэрт.

Байзулаев Алий и гъащIэр мытыншу, гуныкъуэгъуэхэмрэ гурыгъухэмкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ. Ар куэдрэ ягу илъынщ къыдэлэжьахэмрэ зыцIыхуу щытахэмрэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союз.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм гущIыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащIэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Байзулаев Алий Лэкъумэн и къуэр** зэрылIамкIэ икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ шэнтжьейхэр

Сабийхэр ящIыгъуу автомашинэкIэ къэзыкIухьыну зыфIэфI адэ-анэхэм ахэр къызэрырашэкIыпхъэ хабзэр ягъэзэщIэн хуейщ. Илъэс 12 ныбжьым нэмыса цIыкIухэр автомашинэкIэ къыщрашэкIкIэ, абы хухэха шэнтжьей щхьэхуэ, шынагъуэншагъэ бгырыпххэмкIэ ирагъэбыдылIэу къагъэсэбэпыпхъэщ.

КУЭДЫМ къалъытэ сабийр IэкIэ пIыгъыу е колясэм къытраха кIэрзинэм илъу къепшэкIыныр нэхъ шынагъуэншэу. АрщхьэкIэ ахэр щоуэ. Къищынэмыщ Iауэ, шэнтжьей щхьэхуэм имысу цIыкIур къезышэкI шоферым етхьэкъунри Iуэхум хэлъщ.

Зи гугъу тщIы автошэнтжьейхэр сабийм и ныбжьым, и хьэлъагъым елъытауэ зыщхьэщедз. А псоми къыдэкIуэу, рулым дэсым мыпхуэдэ хабзэ щхьэхуэхэри игъэзэщIэн хуейщ. Къапщтэмэ, шэнтжьейр сабийм и дежкIэ тыншу щытыпхъэщ. Нобэ бэзэрым апхуэдэ лIэужьыгъуэхэр щыкуэдщ икIи узыхуейр къыхэпхынымкIэ гугъуехь щыIэкъым. Сабий шэнтжьейр автомашинэм и тIысыпIэм и щIыбым хуэкIуэу егъэщIылIауэ щытын хуейщ. Ар кууэ щытмэ, аварие къэхъу хъужыкъуэмэ, абы исыр нэхъ хъума хъунущ. Апхуэдэу мыри зыщыгъэгъупщэн хуейкъым - автомашинэм адрей цIыхухэр тыншу исын папщIэ, сабий шэнтжьейр абыхэм зэран яхуэмыхъуу гъэувыпхъэщ.

ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэ! Сабийхэр автомашинэхэмкIэ къешэкIыным теухуа хабзэхэр вгъэзащIэ. ЗыгуэркIэ гъуэгу насыпыншагъэ фыхэхуэмэ, узыншагъэр, гъащIэр абыкIэ хъума хъунущ.

Налшык къалэ УВД-м и ОГИБДД.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къыбгъэдэкIыу

КъБР-м и Оперативнэ штабым республикэм исхэм фIыщIэ яхуещI хабзэм къемызэгъыу IэщэкIэ зызэщIэзыузэда гупхэм хэтхэмрэ абыхэм ядэIэпкъухэмрэ къэлъыхъуэнымкIэ хабзэхъумэ органхэм зэрызыщIагъакъуэм папщIэ.

Гудзакъэ зыхэлъ цIыхухэм къат хъыбархэр диверсие-террор Iуэхухэр къызэпыудынымкIэ икъукIэ сэбэп мэхъу икIи апхуэдэ хъыбархэм я фIыщIэкIэ цIыху Iэджэ хэмыкIуадэу къонэ.

Республикэм и хабзэхъумэ органхэм хэIущIыIу ящIынукъым апхуэдэ хъыбархэр къызыбгъэдэкIхэм я цIэхэр.

ПщIэ зыхуэтщI ди лъахэгъухэ, террористхэм зэхащIыхьыну Iуэху гуэрхэр зэрагъэхьэзырым, хабзэм къемызэгъыу IэщэкIэ зызэщIэзыузэда гупхэм я Iэтащхьэхэмрэ абыхэм хэтхэмрэ здэщыIэм, апхуэдэхэм я дэIэпыкъуэгъухэм ятеухуа хъыбархэр хабзэхъумэ IэнатIэхэм яIэрывгъэхьэ хъунущ мы къыкIэлъыкIуэ телефонхэмкIэ:

- КъБР-м и Оперативнэ штабым - 48-15-10;
- КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и «Э» центрым - 42-70-50;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-16-02, 48-15-81;
- Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99.

* * *

2011 гъэм гъатхэпэм и 2-м террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIхэм Налшык къалэм Ашуровым и уэрамым шэч зыхуащIа цIыхуитI я документхэр къапщытэн папщIэ къыщагъэувыIащ. Ауэ ахэр хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм IэщэкIэ къапэщIэуващ. Абдеж щекIуэкIа зэхэуэм щIэпхъаджащIэхэм языхэзыр хэкIуэдащ, етIуанэр яIэщIэкIащ.

КъызэратамкIэ, хабзэхъумэхэм IэщэкIэ къапэщIэувэу яукIар Налшык къалэм щыIэ Коллонтай и уэрам, 8, фэтэр 17-м щыпсэу, 1983 гъэм къалъхуа Чудов Дмитрий Леонид и къуэрщ. А щIыпIэм деж Ф-1 гранатэ, дэтхэнэми тротил грамм 200 илъу Iэрыдз лагъымитI, тротил грамм 400-м и лъэщагъ зиIэ лагъым Iэрыщ I къыщагъуэтащ. Ахэр экспертхэм къапщытэн папщIэ иратащ. Иджыпсту УФ-м СледствиемкIэ и комитетым и Управленэу КъБР-м щыIэр хоплъэ уголовнэ Iуэху къызэIуахыным.

* * *

Террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр Iуащхьэмахуэ районымрэ Бахъсэн районым щыщ Iыхьэмрэ щезыгъэкIуэкIхэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 2-м Тырныауз къалэм щыпсэу, ислъамым и мэсхьэб егъэлеям ит, япэкIэ суд зытращIыхьауэ щыта, 1983 гъэм къалъхуа цIыхум и лъапсэр хабзэм тету къыщапщытэм Ф-1 гранатэм ещхь лагъым IэрыщI, лагъымыр къызэрагъауэ кIапсэ, тротил грамм 200 зэрылъ лагъым Iэрыдз къыщагъуэтащ. IэщIагъэлIхэм лагъым IэрыщIыр къамыгъауэу зэпкъракъащ.

Иджыпсту следствиемкIэ органхэр хоплъэ уголовнэ Iуэху къызэIухыным.



Бзухэр егъэлъэтэж.
Сурэтыр **СЭВКIУИЙ Хьэмид** *ищIащ. 2006 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Къэрмокъуэ Хьэмид, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2, 6-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(3, 4, 5-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Цалий Марьят. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 9.233 ● Заказ №604